

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

**Eleksyon 2006**  
**Dezyèm pati**

**Pozisyon Komisyon te pran**  
**pou tout moun konnen yo**

Elections 2006

Prises de position publiques de la Commission

*Fevriye 2006 – Février 2006*

*Obsèvasyon elektoral Komisyon an te vin posib gras ak konkou finansye patnè nou yo: Broederlijk Delen, Komisyon Ewopeyèn an ak Misyon Espesyal Oganizasyon Eta Ameriken. Publikasyon rapò sa a fèt ak konkou finansye Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè sèlman ki reskonsab rezilta obsèvasyon an ak sa k ekri nan rapò sa a.*

*L'observation électorale de la Commission a été rendu possible grace au concours financiers de nos partenaires : Broederlijk Delen, la Commission Européenne et la Mission Spéciale de l'OEA. La publication de ce Rapport est rendue possible grâce au concours financier de la Commission Européenne. La responsabilité des conclusions et du contenu du rapport revient seulement à la Commission Nationale Justice et Paix. Tirage 500 copies.*

## *Yon ti mo anvan*

*Nan dezyèm dokiman sou obsèvasyon elektoral la, Komisyon an ramase tout pozisyon piblik li te fè yo ak tout tèks refleksyon li te pibliye e ki genyen rapò ak operasyon elektoral la ki te dewoule nan lane 2005 ak 2006 nan peyi d Ayiti. Konsa, nan piblikasyon sa a, n ap plizyè nòt pou laprès kote Komisyon an t ap bay kòmantè sou fason pwosesis la te mache ; genyen tou yon nòt pou laprès kote Komisyon fè evalyasyon chak jounen elektoral la : 7 fevriye 2006, 21 avril ak 3 desanm 2006. Komisyon an te pibliye de (2) dokiman pou ede moun reflechi sou eleksyon an. Se GRR (Gwoup Rechèch ak Refleksyon) ki te ekri yo. Pou fini, genyen yon atik ki te parèt nan Bilten Jilap la.*

*Divès pozisyon sa yo montre fason Komisyon an ap defann dwa moun nan seksyon kominal yo ak dwa moun ki pa konn ak ekri yo. Komisyon plede pou KEP la aplike divès sanksyon Dekrè elektoral la prevwa lè kandida, otorite ak pati politik pa respekte règ jwèt demokrasi a pandan dewoulman pwosesis elektoral la. Jefò elektoral k ap fèt la genyen sans li, lè l montre volonte yon pèp genyen pou bati demokrasi ak patisipasyon sitwayen nan peyi a. Se yo menm sèl ki kapab jistifye gwo envèstisman mwayen finansye ak moun k ap fèt nan yon pwosesis elektoral. Peyi a pa genyen resous pou l ta gaspiye yo.*

## Editorial

Dans ce deuxième document dans le cadre de l'observation électorale faite par Justice et Paix, la Commission rassemble toutes les positions publiques prises au cours du processus électoral et un nombre de textes de réflexion qui ont servi pour encadrer ce processus en 2005 et 2006. Ainsi les lecteurs et lectrices trouveront dans ce document les notes de presse qui commentent le déroulement du processus électoral ; les notes qui évaluent chaque journée électorale : 7 février, 21 avril et 3 décembre 2006. Nous reprenons également 2 textes de réflexion préparés par le GRR (Groupe de Recherche et de Réflexion) de la Commission par rapport au processus électoral et un article publié dans le *Bulletin Jilap*.

Ces diverses positions démontrent clairement comment la Commission a cherché à défendre les droits des habitants dans les sections communales et les droits des illettrés. La Commission continue à plaider pour que le CEP applique les sanctions prévues par le Décret électoral à l'encontre des candidats, autorités et partis politiques qui ne respectent pas les règles du jeu démocratique. Le processus électoral trouve sa justification comme expression de la volonté d'un peuple d'avancer sur la route de la démocratie et de la participation citoyenne. Seule cette volonté peut justifier les gros investissements en personnes et en moyens économiques dans un processus électoral. Le pays n'a pas des moyens à gaspiller. Bonne lecture.

P. Jan Hanssens, Directeur

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel / Fax 222 78 99

[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)

[jilap.national@forumcitoyen.org.ht](mailto:jilap.national@forumcitoyen.org.ht)

[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

Dokiman 1

Sou Dekrè elektoral la  
desanm 2004

Pòtoprens, 15 desanm 2004

Kèk remak sou pwojè dekrè elektoral la  
Pou Manm KEP yo

Komisyon Jistis ak Lapè a di ou mèsè depi l te resevwa pwojè Dekrè elektoral la pou refleksyon. Tan an twò kout pou anpil refleksyon kapab fet. Nou limite nou ak kèk kòmantè an jeneral.

1. Nou espere ap genyen tou yon tèks ofisyèl Dekrè a nan lang kreyòl, k ap pèmèt tout moun byen konprann ki sa ki nan dokiman sila a.
2. Nou konstate enpòtans KEP la vle bay kat elektoral la (atik 59). Nan moman sa a, genyen yon kowalisyon divès òganizasyon (POHDH, JILAP, NCHR, GARR, FLM ak HSI) k ap mennen yon kanpay atravè peyi a ki mande pou kat elektoral la ta kab sèvi kòm pyès idantifikasyon moun yo an jeneral. Nou pa konnen ki konsekans legal tout sa genyen. Nou pa konnen si sa ki ekri sou kat elektoral la nan pwojè dekrè a dakò ak sa lalwa ki la yo mande. Eske KEP la nan yon Dekrè elektoral genyen kapasite pou bay kat elektoral la tout enpòtans sa a jan se ekri nan pwojè Dekrè a ? Anyen pa di sou relasyon l genyen ak kat idantifikasyon fiskal la. Nou kwè li ta bon pou KEP la rankontre ak gwoup travay sila a pou tande lide yo, epi pou klarifye kèk nan pwèn sa yo. Nou kwè, genyen lòt enstans nan Leta toujou ki dwe genyen yon dizon sou koze a.

3. Nan Dekrè a nou pa wè anyen ki prevwa pou moun ki pa konn li ak ekri yo. Zafè senbòl chak elektè genyen kapab ede vreman, men nan eleksyon ki sòt pase yo li pa t rezoud pwoblèm yo. Antouka, pwoblèm pa konn li ak ekri a rete yon pwoblèm ak yon okazyon pou fè anpil magouy pandan eleksyon an. Prezidan biwo yo ak reprezantan pati politik yo chèche enflyanse moun yo. Nou panse li ta pi senp si moun nan ta tou vini ak yon lòt moun li menm li fè konfyans ki kab asiste l pou poze zak vòt la.
4. Si n konprann byen, yon biwo vòt ap genyen 400 elektè (atik 36). L ap ret louvri pandan 10 zè tan (6 :00 am rive 4 :00 pm), swa 600 minit. Chak elektè ap genyen 1,5 minit pou vote. Eske se yon bagay reyèl lè n wè tout lantè ki konn genyen, lè n gade jan bilten vòt yo konplike, epitou, lè èksperyans la montre pa gen biwo ki louvri a lè ?
5. Kalandriye elektoral la pokò pibliye, men nou kwè ant de [2] eleksyon yo (sa k pou gouvènman lokal yo, ak sa k pou lachanm, sena ak prezidans) dwe genyen ase tan pou fini ak tout litij ak diskisyon ki ta kapab genyen. Si premye eleksyon an pa fini tout bon (eleksyon lokal yo), genyen anpil danje pou dezyèm eleksyon an tou (lachanm, sena ak prezidans) pa fèt kòmsadwa.
6. Nou etone pou jan pati politik yo jwenn yon gwo plas nan tout òganizasyon biwo elektoral yo (atik 162), kidonk nan tout sistèm elektoral la. Se yo k bay kandida pou mete sou pye divès biwo vòt yo, toujou, yo genyen reprezantan ak òbsèvatè yo anndan biwo yo. Eske se fason sila a ki pral garanti yon eleksyon onèt san magouy ?
7. Obsèvasyon elektoral la pa fin klè (atik 206-213). Sitou konpetans òbsèvatè yo pa klè (atik 208). Yo sèlman kapab mande enfòmasyon, yo kab bay sijesyon, epi nan aktivite òbsèvasyon an menm yo kapab mande pou yo fè yon pwosèyèbal lè yo konstate gen yon iregilarite k ap fèt. Eske rezo òbsèvasyon yo pa gen yon wòl nan moman lè gen litij, egzanp ak rapò sou sa k pase nan yon biwo vòt oswa nan yon zòn.
8. Lè n gade divès sanksyon yo kapab pran, fòk nou gade si yo kapab aplike tout sa k di la yo. Egzanp konpare atik 228 ak 229-30. Ki sa k pi grav : sèvi ak yon fo bilten ki merite travo fòse avi, oswa antre ak zam nan yon biwo, twouble vòt la oswa vòlò bwat ak bilten yo ki annik mande yo fèmen moun nan ?

Nou swete divès remak sa yo ap itil nou nan travay nou. Sekretarya Jistis ak Lapè a salye n ak anpil respè.

P. Jean Hanssens, direktè

**Nòt pou laprès**  
**Sou zafè eleksyon nan seksyon kominal yo**

Komite Egzekitif Komisyon Jistis ak Lapè te reyini nan dat 21 sektranm 2005. Li esprime kè sote li lè l wè fason zafè eleksyon 2005 la ap mache nan peyi a.

1. Pandan KEP la ap fè lwanj tèt li paske genyen 2.300.000 moun ki enskri pou pran kat sitwayen, kè nou sere lè n wè **se nan chimen yon eleksyon k ap mete moun sou kote nou prale**. Konbyen moun andeyò ki te kapab pran kat sitwayen an ? Konbyen moun nan seksyon kominal yo ki gen tan enskri ? Konbyen kote ki pa t gen biwo pou enskri ? Sa k rive enskri yo, konbyen tan yo te blije mete pou sa, konbyen imilyasyon yo te blije pran ? Ki jan y ap fè eleksyon pou ASEK ak KASEK nan yon seksyon kominal kote se sèlman 10 sou 100 moun ki genyen yon kat sitwayen ? Depi nan konmansman an yo te chwazi gwo teknik pou fè kat sila a. Yo te dakò pèdi anpil tan pou plezi ak enterè kèk moun, nan yon peyi kote menm vil yo pa gen kouran 24 sou 24 ; alewè kondisyon lavi moun nan seksyon kominal yo. Plizyè fwa Jistis ak Lapè te denonse sityasyon sila a, nan laprès lokal ak nan lèt li te voye bay manm nan KEP la. Jodi a, tan pou enskri a prèt pou fini, **nou pè pou n pa ale nan yon eleksyon kote peyizan yo nan peyi a ap sou kote pi plis toujou**.

2. Reyalite peyi a se **pakèt moun ki pa konn li ak ekri**. Se pa fòt yo, se responsablite Leta ak sa k te nan pouvwa politik nan tan pase yo, si sityasyon peyi a konsa. Tout moun sa yo se sitwayen yo ye. Men, lè n gade Dekrè elektoral la, nou pa jwenn anyen ki prevwa pou pèmèt moun ki pa konn li ak ekri kapab vote kòm sadwa. Tout moun ki te obsève eleksyon yo nan lane 2000, konnen ki jan yo te sèvi ak sityasyon sa a pou òganize fwod ak magouy pandan eleksyon yo. Ki jan moun sa yo ap kapab chwazi moun yo vle a pami tout foto, anblèm ak nimewo anviwon 50 kandida pou prezidan ak nan mitan pakèt anblèm ak chif yon latriye pati politik ? Komisyon Jistis ak Lapè te pwopoze pou yo te pèmèt moun ki pa konn li ak ekri yo vini ak yon moun yo menm yo chwazi pou ede yo ranpli bilten yo. Jodi a, lavèy yon nouvo eleksyon, nou konstate **se moun ki pa konn li ak ekri yo y ap mete sou kote ankò yon fwa**.

3. Lè n gade pakèt moun ki vle chita sou chèz boure a, sa fè n konprann **se ak sèl pati politik yo KEP la te prepare eleksyon k ap vini yo**. Ki mele yo ak popilasyon an, depi eleksyon an fèt selon mezi sa politisyen yo vle. Epoutan, se sitwayen ki fè eleksyon. Eleksyon pa ta dwe yon batay ant pati politik ak politisyen. **Eleksyon ta dwe yon moman sitwayen yo nan peyi a konfyè yon manda bay moun ki dwe òganize peyi a anfavè yo**. Politisyen, sispann vòlò konfyans moun nan fè pwomès ak pwogram ki vid. Si se demokrasi

tout bon nou vle, se pa dèyè chèz prezidan an nou ta kouri. **Si se sitwayen nan baz la ki pi enpòtan, ann gade ki jan n ap fè pou pakèt peyizan ki sou kote jodi a ap kapab patisipe toutbon pou bati avni peyi a.**

Men ki sa n pwopoze :

1. Edikasyon sivik la ta dwe kòmanse deja.
2. Pwolonje tan pou anrejistre sitwayen yo ki nan seksyon kominal yo kote sa nesèsè, etan n al jwenn yo kote yo ye a.
3. Klarifye Dekrè elektoral la pou fè vòt la vin posib pou moun ki pa konn li ak ekri yo.
4. Se pou KEP la respekte tout antant ak moun ki angaje nan aparèy elektoral la, pou yo pa jwenn rezon pou antre nan koripsyon.
5. Se pou KEP la byen etidye ki kote l ap mete biwo vòt yo, pou pa gen plis konfizyon toujou jou k ap gen eleksyon yo.

Se Komite Egzekitif Nasyonal Jistis ak Lapè ki voye nòt sila a.

Port-au-Prince, 21 septembre 2005

### **Note de presse Concernant les élections dans les sections communales**

Le Comité Exécutif de la Commission Justice et Paix s'est réuni en date du 21 septembre 2005. Il exprime son inquiétude concernant les préparatifs des élections de 2005.

1. Pendant que le CEP se félicite des 2.300.000 personnes inscrits pour obtenir leur carte de citoyenneté, nous nous inquiétons que **nous ne soyons engagés dans un chemin d'élections qui marginaliseront davantage un bon nombre de personnes.** Combien de personnes en zone rurale ont effectivement pu obtenir leur carte de citoyenneté ? Combien d'habitants des sections communales ont pu inscrire ? Combien de zones qui n'ont pas vu un bureau d'inscription ? Ceux qui ont réussi de se faire enregistrer, combien de temps ont-ils dû mettre pour le faire, et combien d'humiliation ont ils dû subir ? Comment vont se dérouler les élections pour les CASEC et ASEC dans les sections où seulement 10 % des habitants ont pu obtenir une carte de citoyenneté ? Depuis le début des opérations électorales, on a choisi pour des techniques avancées pour faire les cartes ; on a perdu du temps précieux pour satisfaire des intérêts particuliers ; tout cela dans un pays où il n'y a pas de courant électrique 24 sur 24 dans les villes ; ne parlons pas des conditions de vie dans les sections communales. A plusieurs reprises, Justice et Paix a dénoncé cette situation dans la presse locale, et par des lettres à des Conseillers électoraux. Aujourd'hui nous nous approchons vers la fin de la période d'inscription, **nous craignons que ces élections ne viennent consacrer l'exclusion du monde paysan.**

2. **Une réalité du pays est celle du grand nombre d'analphabètes.** Ce n'est pas de leur faute, mais la responsabilité de l'Etat et de ceux qui détenaient le pouvoir dans les années passées, si cela est toujours la réalité sociale. Mais les analphabètes sont des citoyens à part entière. Le Décret électoral ne prévoit rien pour les permettre de voter correctement. Tous ceux qui ont fait de l'observation électorale en 2000 se souviendront comment cette situation constituait une source de fraude durant les élections. Comment ces personnes pourront-elles exprimer leur choix quand elles se trouvent confrontées avec près de 50 photos, numéros et emblèmes de candidats à la présidence et parmi une multitude d'emblèmes et de chiffres pour un nombre important de partis politiques ? La Commission Justice et Paix avait proposé de permettre aux analphabètes de se faire accompagner d'une personne de leur choix au jour du scrutin. Aujourd'hui, la veille des nouvelles élections, **nous constatons une nouvelle exclusion des analphabètes.**

3. Considérant le grand nombre de candidats à la présidence, il devient clair que **la préparation des élections par le CEP a été réalisée avec et en fonction des partis politiques.** Peu de considération a été donnée à la population elle-même, depuis que les élections se déroulent à la mesure des politiciens. Pourtant, les citoyens eux-mêmes devraient être les principaux acteurs des élections. Les élections ne devraient être une lutte entre partis et politiciens, mais **un moment où les citoyens d'un pays confient un mandat à ceux et celles qui ont comme tâche d'organiser le pays selon ses besoins et dans ses intérêts.** Les politiciens devraient suspendre à tromper la confiance des gens avec de fausses promesses et de programmes politiques sans contenu réel. Travailler pour une démocratie réelle ne demande pas de courir derrière la position présidentielle. **Si l'acteur social le plus important est le citoyen à la base, voyons plutôt ce qu'il faudrait faire pour intégrer les paysans marginalisés à la construction du pays.**

Voici ce que nous proposons :

1. **L'éducation civique aurait dû avoir lieu déjà.**
2. **Prolonger le temps pour permettre d'enregistrer les citoyens dans les sections communales où cela est nécessaire, et aller les trouver sur place.**
3. **Clarifier le Décret électoral pour permettre aux analphabètes de voter correctement.**
4. **Il faut que le CEP respecte tous ses engagements envers les personnes dans l'appareil électoral, pour les empêcher d'entrer dans des pratiques de corruption.**
5. **Il faut que le CEP étudie bien la localisation des bureaux de vote pour éviter toute confusion au jour du scrutin.**

C'est le Comité Exécutif National de Justice et Paix qui envoie cette note.

(Suivent les signatures)

P. Gérald Domond et Marie-Ange Dagrín (Sud-Est), P. Antoine Paul-Vérèl et Xavier Edwitch (Grand'Anse), Menelus Elianne et Joseph Nardège (Nord-Est), P. Attilus Desca (Ouest), Désumé Israck et Marc-Edy Dessalines (Artibonite), Jn René Aubain, Rosemonde Sauray et Agéna Dominique (Sud), Joseph Alucia et Nicolas Valcimond (Nord), Odulson Désarmé et Céné Francklin (Centre), P. Jean Hanssens, Chrislaine Beaubrun (Comité Directeur National).

### **Enpòtans pwochèn eleksyon yo**

*La conjoncture politique nationale est particulièrement délicate. Nous sommes sans doute, étant donné les éléments réunis, à un instant critique, moment-seuil de l'histoire du pays. La célébration du 200<sup>e</sup> anniversaire de la Fondation de l'Etat haïtien dans les conditions aussi "inédites" que l'on sait, constitue un traitement-choc qui aurait pu être fatal pour la souveraineté nationale, mais qui devrait provoquer en fait un réveil ou sursaut de la conscience nationale haïtienne. Le mandat écourté du Président de la République dans des circonstances peu transparentes, loin de constituer un blocage pour l'évolution de la situation, devrait au contraire inciter les acteurs haïtiens à reconnaître et à assumer davantage leurs responsabilités face à la Nation et par rapport à la Communauté internationale.*

*Après le 29 février 2004, une période de violences sans précédent dans l'histoire pourtant mouvementée de notre pays a bouleversé la vie nationale, même si en fait elle a prévalu surtout dans la capitale. Il est hautement souhaitable que « cette transition qui n'en finit pas » cède le pas à une évolution plus régulière de la vie politique de ce pays... pour le plus grand bien de tous. C'est ce à quoi devraient normalement conduire les élections. C'est ce que semble espérer le peuple haïtien dans son ensemble et en particulier la majorité défavorisée et silencieuse.*

**Konjonkti politik n ap viv jounen jodi a nan peyi d Ayiti, se yon moman kritik, men nou ta di pito yon « moman kle » nan listwa Nasyon an, yon lane apre selebrasyon tèt chaje Bisantnè Fondasyon Lendepandans Leta Ayisyen an. Olye selebrasyon nòmal desanjan depi peyi sa a granmoun tèt li, se fen brital manda yon Prezidan nan kondisyon ki pa klè pou pi fò moun nan peyi a. Apre sa, vyolans blayi sou kapital la nan moman yon tranzisyon tèt chaje ta dwe rive nan bout li.**

**Eleksyon yo nesesè pou pèp la chwazi moun li wè ki kapab sòti peyi a nan sitiyasyon doulè tranche sa a pou mennen li nan yon peryòd kalmi, pi nòmal, ki va pèmèt li wè lavni li pi klè. Ki sa k ap fèt nan direksyon sa a ? Ki bilan aktivite KEP la nan moman an ? Delè livrezon machandiz la rakousi serye. Èske garanti ak dispozisyon gouvènman an pran pou asire siksè pwojesis la ap sifi pou ogmante efikasite machin lan ? Ki sa pèp ayisyen an di, ki esperans li nan sitiyasyon sa a ?**

Chòk « tanpèt » ki te anonse pou 2004 la desounen lèsprè moun kèlkeswa sektè nan sosyete a. Pandan tout Ayisyen ki renmen peyi yo t ap tann yon selebrasyon osinon grandyoz dimwens lejitim fèt Bisantnè peyi a, se latwoublay politik pi red ki te pran pye nan mitan Nasyon an. Se divizyon ki kounya a vin separe sitwayen ayisyen yo, fann sosyete a fè de (2) kan, kòm si ou ta

di enterè youn pa ta menm ak enterè lòt la osnon yo pa ta fè pati yon menm nasyon. Sityasyon ki enkyete ata etranje k ap obsève sosyete peyi d Ayiti.<sup>1</sup>

Chire pit rèd ki te genyen ant pouvwa a ak opozisyon an te tèlman vin pa ka regle daprè de (2) kan yo, se Prezidan peyi a menm ki te eli nan kondisyon k pa t twò klè nan eleksyon 26 novanm 2001 an, ki te «fòse» nan sikonstans pi twoub toujou, kite peyi a ak pouvwa a, pou te ka debloke sityasyon blakawout kote sitwayen ayisyen te twouve yo tonbe nan ane 200<sup>èm</sup> anivèsè premye Repiblik Nèg sou tè a.

Men sepandan vwala depi dat 29 fevriye 2004 la, olye sityasyon politik peyi a te vin pi klè jan sèten sektè ou aktè sou sèn nan te anonse Nasyon an, se konplike jwèt politik la te tounen vin pi konplike. Ensekirite blayi sou kapital peyi d Ayiti, Pòtoprens, pi espesyalman apati 30 sektanm 2004. Yon chenn vyolans tout kalte, moun bay nonjwèt « Operasyon Bagdad », pral defigire aktivite ak lavi nan kapital la, nan yon pwenn moun pa te kab sipoze nan lespri yo de ou twa lane anvan sa. Sepandan anons te fèt ki te di : « L ap rive fè nwa a midi nan peyi d Ayiti » !

Eleksyon se yon pòt pou sòti nan sityasyon makawon sa a. Bèl pwomès te fèt ki te di tout bagay t apral oke « 48 èdtan aprè Aristid va remèt pouvwa a ». Gwo pwogram èd entènasyonal te klewonnen pou fè kwè « L'impossible » posib nan peyi d Ayiti. Youn ou de mwa apeprè anvan dat ki sipoze anonse pou eleksyon jeneral yo, ki jan sityasyon an prezante pou sitwayen òdinè peyi d Ayiti, anpatikilye pou sila yo ki pa janm konnen nan vi yo kondisyon lavi ki sanble ak sa moun ta bezwen pou yo viv nan yon peyi òganize plizumwen nòmàl ? Se gwo keksyon sa a analiz konjonkti a ta dwe pèmèt nou wè ki repons ak ki avni k ap desinen pou peyi d Ayiti, jodi a ak demen, avèk ògnizasyon eleksyon « maraton » sa yo.

Nou di eleksyon « maraton », alòske eleksyon yo sipoze ap prepare depi prèske de (2) zan deja. Men vwala, reta ki te pran, – pou rezon ki pa fin klè yon lòt fwa ankò –, rive fè gen dout sou posiblite òganizasyon vòt la anvan dat yo di « dènye delè », pou 7 fevriye 2006 yon nouvo prezidan enstale alatèt peyi a.

Se kounye a kèk kat elektoral kòmanse ap distribye. Pi fò sitwayen nan katye popilè ak nan anpil seksyon kominal pòkò menm jwenn biwo vòt pou non yo ka antre nan rejis elektoral la. Alòske KEP la sanble ap debat kò li pou make pa sou plas, – gouvènman an blije entèvni pou nonmen yon « *Commission d'Appui* » pou bay KEP la jarèt epi mete anplas yon « sipè direktè » egzekitif ki ta dwe pi konpetan pase lòt la. Devan ti tan ki rete pou korije sa ki merite, pou plase tout sa k nesèsè pou wonn final la, menm yon atlèt ki abitye genyen kous maraton p ap ka jwenn ase tan pou fin kouri kous la si ti tan ki rete a deja twò kout pou rès distans lan...

Sa Pèp ayisyen an dwe atann de eleksyon sa a, sizoka li resi fèt kòm sa dwa plizumwens ? Keksyon an poze seryezman.

Yo di peyi d Ayiti pa ka retounen nan eleksyon konteste ankò, donk dabò li pa dwe pran nan eleksyon kontestab. Èske nou dwe espere « *l'impossible* » malgre tou sa rete posib nan peyi d Ayiti ? Reskonsab yo gen travay nan nwit pase san dòmi devan yo si toutfwa yo kapab oubyen yo kenbe nan tèt yo reskonsablite se reskonsablite. Osnon èske se vwazen nou va blije asepte vle pa vle (oswa envite menm) ki toujou twò kontan deja pare pou vin pran kle kay, pase de kout bale, deplase kèk mèb, retire enpe pousyè...

Ti kay la jennen, fil kandida yo men longè ! Pou ki rezon pote boure sa a ? Sa ki nan pwogram yo ? Ki jan pèp la ap fè rekonèt moun li vle a nan mitan kafouyaj sa a ? Eske elektè yo kapab

---

<sup>1</sup> Cf. Rapò Pax Christi International Council, 18 May 2004: "The elite are foreign to the real problems of Haiti's poor."

wè klè nan pami karannkat (44) pwogram diferan ? Si yo pa diferan, alòs pou ki vrè lidè yo pa antann yo pou ede pèp la fè chwa li ant de (2) oubyen twa (3) pwogram konsekan vre ?

Eleksyon yo se yon kle. Nan tout sans. Pasaj oblije demokrasi toutbon. Pasaj oblije pou sòti nan sitiasyon madoulè sa a pou rive nan yon peryòd delivrans ki ta dwe pèmèt nou wè demen miyò. Eske kle sa a nan men nou toujou oubyen li deja chape ...nan kout panzou san avèti ?

Sa ou di, Pèp Ayisyen, ou menm ki mèt jwèt la ? Se keksyon sa a ki poze nan fen atik sa a. Nou ta swete tandè pèp la li menm, nan tout kouch ki konpoze li, reponn ak vwa pa l. Se sa eleksyon sa yo ta dwe ba li okazyon fè.

*Hérolé Mimy Dautruche*  
*Kòdonatè Nasyonal*  
**Obsèvasyon elektoral**  
**Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè**

### Nòt pou laprès

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè esprime yon lòt fwa ankò preyokipasyon l ak kè sote li sou zafè eleksyon 2005 yo.

1. **Pou sa k gade registrasyon sitwayen yo.** Komisyon an pran nòt sou deklarasyon KEP la te fè pou di : li anrejistre 3.400.000 sitwayen, sou 4.400.000 sitwayen ki genyen dwa pou vote nan peyi a, selon sa estimasyon yo di. Nou rekonèt gwo jefò ki fèt pou rive nan rezilta sa a, nan kèk mwa sèlman. Sa vle di tou : si gen volonte nan peyi a, nan yon ti moman anpil bagay kapab fèt. Men, nou regrèt, epi nou konsidere l tankou yon vyolasyon dwa moun: anpil moun nan seksyon kominal yo ki pa t jwenn chans pou anrejistre. Mezi ki te pran pou korije kèk sitiyasyon, pa t rive nan rezilta nou te swete a: tan an te kout, moun yo anndan seksyon yo te mal enfòme si yon bagay ta pral fèt, pa t genyen kanpay pou enfòme yo kòm sadwa, materyèl yo pou rejistre yo te manke, anpil kote machin pa kapab rive, oswa pa gen kouran elektrik pou òdinatè yo travay. Se sa k fè : nan plizyè seksyon kominal, se yon ti pousantaj moun nan popilasyon an kap chwazi epi mete otorite lokal yo, tandiske, se eleksyon lokal yo ki te dwe fondman konstriksyon demokratik peyi a.
2. Nou aprann tou **registrasyon fèt nan katye popilè yo** nan kapital la. Sa se yon bon nouvèl. Sèlman, nou poze tèt nou kesyon : ki sa sa vle di, lè y ap fè registrasyon elektè nan yon katye, men pa gen moun ki kapab pwoche poutèt vyolans, ensekirite ak kidnaping k ap kontinye fèt nan zòn sa yo.
3. **Distribisyon kat sitwayen yo** kòmanse timidman nan kèk kote. Nan kèk depatman yo pokò wè ki kote distribisyon an ap fèt. Nou regrèt reskonsab kèk biwo pa kapab reziste tantasyon pou mande lajan pou kat la. Nan kèk kote distribisyon kat tap fèt, moun yo te resewa anpil kout baton nan men polisye elektoral yo. Nou felisite KEP la ki te chèche korije sa rapidman kèk kote. Nou mande tout moun ki nan aparèy elektoral la, pou yo konsidere travay yo kòm yon travay nan sèvis peyi a, pa kòm yon fason pou yo tire yon avantaj ki sanble ak koripsyon.
4. Nou aprann ak anpil kè sere jan **vyolans ta vle mele ak aktivite politik yo**, nan Pòtoprens ak Gonayiv. Eske peyi a ap yon lòt fwa viktim enpinite ak dezameman ki pokò pa janm fèt ? N ap tann pou tout kandida yo kondane yon fason klè tout vyolasyon patizan yo ta komèt nan non yo. Nou mande yo sonje kòd etik divès pati politik te siyen. Reskonsab pati politik ak divès kowalisyon yo, ak KEP la menm dwe aji kont kandida yo ki pa ta respekte anqajman yo te pran an, selon sa Dekrè elektoral la di.

5. Nan nòt li te fè 21 septanm 2005, Komisyon an te poze **kesyon sou moun ki pa konn li ak ekri yo**. Eleksyon jeneral yo konplike anpil, paske genyen anpil vòt diferan epi pati politik ak kandida pou chak pòs yo anpil tou. Ki dispozisyon KEP la pran pou sitwayen sa yo kapab egzèse dwa yo pou vote kòm sa dwa ? Jis nan moman sa a nou pokò tande anyen ki di sou sa.

Pwosesis elektoral la ap vanse tipa tipa. Anpil moun gen dout sou bon dewoulman li. Epoutan, peyi a pa kapab rete nan tranzisyon sa a. Li dwe abouti sou otorite lejitim popilasyon an mete nan eleksyon lib, onèt, san paspouki. Komisyon an mande tout aktè yo ki angaje nan pwosesis la pou yo montre bon sans ak tolerans yo, kapasite dyalòg ak negosyasyon yo pou jwenn yon solisyon kòrèk pou tout pwoblèm ki sou chimen kriz sa a.

Pou Komite Direktè Nasyonal la.

### Note de presse

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix exprime une autre fois sa grande préoccupation sur l'avancement du processus électoral dans le pays.

1. En ce qui concerne **la registration des citoyens**. La Commission prend note de la déclaration du CEP qui fait savoir que sur 4.400.000 électeurs potentiels, 3.400.000 ont fait les démarches pour retirer leur carte de citoyen. Nous reconnaissons le grand effort entrepris durant quelques mois pour y arriver à ce résultat. Cela signifie, s'il y a de la volonté dans le pays pour réaliser quelque chose, beaucoup devient possible. Mais nous regrettons, et nous le considérons comme une violation des droits de citoyens : ceux qui n'ont pas pu retirer leur carte de citoyen, sont les habitants des sections communales. Les mesures prises pour corriger certaines situations, n'ont pas donné le résultat espéré : le délai était trop court, les habitants n'ont pas été informé convenablement, le matériel était insuffisant, certaines zones sont très éloignées, ou bien il n'y a pas d'énergie électrique pour faire fonctionner l'ordinateur. La conséquence en est, que certaines autorités locales seront élues par un faible pourcentage de la population. Pourtant, les élections locales auraient dû être le fondement de la construction démocratique du pays.
2. Nous apprenons que **la registration s'est réalisée dans les quartiers populaires** de la capitale. Ceci est une bonne nouvelle. Seulement, nous nous demandons ce que cela signifie quand il y a registration d'électeurs dans un quartier, les personnes de l'extérieur ne peuvent s'approcher pour cause de violence, d'insécurité et de kidnapping dans ces zones.
3. **La distribution des cartes de citoyenneté** a commencé timidement dans quelques zones. Dans certains départements la distribution n'est pas encore faite. Nous constatons avec regret que certains responsables de bureaux ne peuvent résister à la tentation d'exiger de l'argent pour cette pièce d'identification. Dans quelques zones de la capitale, la distribution de la carte électorale entraîne des bastonnades sur la population par les

Policiers électoraux. Nous félicitons le CEP qui était intervenu rapide en certains endroits. Nous demandons à tous ceux et celles qui font parti de l'appareil électoral, pour considérer leur travail comme un travail au service de la collectivité, et non pas comme une façon pour tirer un avantage rapide qui fait penser à la corruption.

4. Nous apprenons que certaines **activités politiques qui sont liées avec la violence** à Port-au-Prince et aux Gonaïves. Est-ce que le pays sera de nouveau victime de l'impunité et du désarmement qui n'a pas eu lieu ? Nous attendons la réaction des candidats, qu'ils condamnent de façon ferme les actes de violence perpétrés par leurs partisans. Nous les demandons de songer le Code éthique signé par divers partis politiques. Les responsables partis et coalitions politiques de leur côté, et le CEP lui même doivent agir contre ces candidats qui ne respectent pas les engagement pris par eux, selon le vœux du Décret électoral.
5. Dans la note du 21 septembre 2005, la Commission a soulevé **la question des analphabètes**. Ces élections générales sont très complexes à cause du nombre de fonctions à élire de partis politiques et de candidats pour chaque poste. Quelles dispositions sont prises par le CEP pour permettre à ces citoyens de voter correctement ? Rien n'est dit jusqu'à ce moment.

Le processus avance lentement. Plusieurs voix expriment des doutes sur son bon déroulement. Pourtant, le pays ne peut pas rester dans cette transition qui doit aboutir sur l'établissement d'autorités légitimes choisies par les citoyens dans des élections libres, honnêtes et non partisans. La Commission demande à tous les acteurs engagés dans le processus de faire preuve de bon sens et de tolérance, de leur capacité de dialogue et de négociation pour trouver des solutions correctes à tous les problèmes qui se posent au cours de route.

Pour le Comité Directeur National.

P. Jean Hanssens, directeur  
Port-au-Prince, 20 novembre 2005

Dokiman 5  
GRR  
novanm 2005

## *Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon: Ki chimen pèp la dwe pran?*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon  
Jilap Nasyonal  
Pòtoprens, novanm 2005*

### *De ti mo pou kòmanse*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR) te òganize dezyèm ak twazyèm seyans travay li pou lane a sou 2 tèm k ap fè aktyalite anndan peyi a. Komisyon Dyalòg Nasyonal la apènn renmèt rapò li bay Prezidan peyi a Mèt Boniface Alexandre. Koze eleksyon an menm pokò janm ka fin rive klè.*

*Kidonk, pèp la twouve l nan yon kalfou ki gen 2 tèt : Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon. Men pèsonn pa wè klè, pa ka di l akèl kote li dwe mete pye l. Se poutèt sa Gwoup Rechèch ak Refleksyon an eseye manyen rasin kesyon sa yo. Ki sa sa vle di Dyalòg Nasyonal ? Ki kondisyon ki dwe reyini pou yon Dyalòg Nasyonal? Eske Dyalòg Nasyonal posib ansanm avèk Eleksyon ? Pou kisa koze eleksyon an prèske vle vire tèt anba? Ki dizon sektè dwa moun nan ta dwe pote? Nou pa kwè nou rive fè limyè yon fason total kapital sou tout kesyon ki poze yo. Men gwoup la fè jefò pou l manyen pwoblèm yo nan rasin yo. Deba ki louvri a dwe konsènen tout sektè k ap batay pou chanje figi peyi nou an. Gwoup Rechèch ak Refleksyon Jilap ap tann kòmantè oubyen lòt lide bò kote tout òganizasyon ak sitwayen.*

***Bon lekti !***

### **Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon : se 2 fas nan yon menm pwojè politik**

Li enpòtan pou n konprann difikilte ki genyen pou separe 2 kesyon sa yo : Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon. Li menm vin enposib pou sa fèt. Rezon an senp : pèsonn pa ka di se eleksyon k ap vin regle pwoblèm peyi a. Men an menm tan, nou pa ka pase twòp tan ap fè dyalòg, paske fòk gen renouvèlman pèsònèl politik la. Kidonk, peyi a nan yon sityasyon katchouboumbe. Anpil moun pa wè klè. Y ap mande tèt yo ki wout pou yo fè.

Sistèm ekonomik, politik ak sosyal ki tabli nan peyi a depi anviwon 200 lane rive nan bout li. Pèsonn pa bezwen gwo save pou konprann pwodiksyon richès ki chita sou rapò dimwatye (2 mwatye) a pa rete souf ankò. Se vre, pi fò moun k ap travay se nan agrikilti yo ye. Men pwodiksyon agrikòl la an kriz. E politik neyoliberal la pa sispann mete abse sou klou. Jiska prezan, pa gen nouvo modèl ki pwopoze ki pou ranplase sistèm dimwatye a. Peyi a plis tounen savann pou pwodui pèpè layite kò yo ak pou trafik dwòg deplòtonnen. Konsa krim ak koripsyon prèske tounen rasin san bout.

Sistèm politik ak sosyal la rive nan bout li. Elit peyi a sispann sèl kòk chante. Li pa gen kapasite ankò pou l mennen bak politik peyi a jan l vle. Mas pèp la di li bouke anba sistèm k ap mete yo sou kote (sa nou rele « eksklizyon an »). Yo mande pou yo patisipe kòm sadwa nan trase wout pou bati yon lòt Ayiti. Men anpil sektè toujou vle voye jete prezans mas pèp la sou teren politik la. Anpil lòt pa wè kouman pou entegrasyon sa a fèt. Kidonk, rapò politik ak sosyal tradisyonèl yo se sous yon seri avantaj ak privilèj. Ou gen dwa gen konsyans avantaj ak privilèj sa yo se pitit vant enjistis ki tabli nan peyi a, men, sa pa vle di ou pare pou ou kite avantaj ak privilèj yo dèyè.

Nou kwè tout moun ka konprann ki sa sa vle di chapant yon peyi ki mande refèt. Se pa tout etranje ki konnen se nan kalfou sa a Ayiti twouve l. Epi tou, anpil nan yo gen gwo responsablite nan sitiyasyon malouk n ap viv la a. Se yo ki prèske gen lavwa ochapit jounen jodi a. Si Ayisyen pa ranmase karaktè yo epi pran responsablite yo, pi ta ka vin pi tris.

### **Eske Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon ka pèmèt rebati chapant peyi a?**

Pi gwo lide a nou dwe konprann se : youn pa ranplase lòt. Ou pa ka di non plis w ap pran youn kite lòt la. Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon, se 2 faz yon menm pwosesis politik. Nannan pwosesis la, se chanje Leta ak sistèm peze souse a. Lè sa a, demach n ap adòpte yo sètoblize klè. Nou pa p ka jwenn yon lòt chapant pou sosyete peyi d Ayiti san nou pa fè radyografi chapant peyi a k ap depafini. Konsa, yon Dyalòg Nasyonal reyèl genyen pou l rapousuiv 5 objektif. Men yo :

- 1- Mete aklè mak fabrik sistèm ekonomik, sosyal ak politik ki an kriz jounen jodi a. Se pa lonje dwèt sou grenn moun ki pi enpòtan, menm si yo dwe konsidere responsablite pèsonèl la tou. Sitou, nou dwe gade ki kalte klas, gwoup sosyal ki jwenn benefis sistèm nan epi ki gen enterè pou l rete tennfas.
- 2- Evalye nivo depandans peyi a ak move konsekans sitiyasyon sila a charye pou pwogrè ak devlopman peyi a.
- 3- Fè bilan rejim politik ki pase alatèt peyi a pandan 50 dènye lane yo epi fè limyè sou responsablite yo genyen nan katastròf n ap viv jounen jodi a.
- 4- Defini priyorite ak ijans nasyonal ki se sèl garanti pou nou rive kontinye viv ansanm sou bout tè sa a.
- 5- Tabli yon kad global ki pou fasilite mobilizasyon ak enplikasyon diferan sektè sosyal yo nan pwosesis la.

Lè nou konsidere objektif sila yo, nou ka konprann koze Dyalòg Nasyonal la pa ka zafè yon ti ponyen moun. Se yon pwosesis mobilizasyon sosyal ki pou louvri wout yon nouvo pwojè sosyete.

Sa k ap pase nan koze eleksyon yo montre nou plis sou chimen pou pwoblèm yo vin pi grav nan peyi a. Nou di sa deja, pwoblèm fondanatal peyi a makonnen ak chapant sosyete nou an ki dwe refèt onivo ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl.

### **Pou kisa eleksyon k ap klewonnen jounen jodi a pral mete absè sou klou ?**

Ijans peyi a jodi a se pa renouvèlman pèsònèl politik la, paske se pa sa ki ka ede chanje Leta peze souse a. Yon lòt bò, se menm pa nasyon an ki kontwole pwosesis la. Kòm se pa yon chwa nasyonal oubyen ekspresyon dwa granmoun peyi a, eleksyon plis parèt oubyen tounen yon jwèt mètdam. Tout sa gen gwo konsekans sou lavi politik peyi a.

Premye konsekans : Pèp la pa gen konfyans nan okenn aktè politik sou teren an. Menm lè otorite ki sou pouvwa a fè konprann ap gen eleksyon pou yon lòt pouvwa pran mayèt la nan kòmansman lane 2006, konfizyon ak ensètitud gaye tribò babò. Machin elektoral la kole, elektè yo lage 2 bra pandye. Menm kandida pa konnen sou ki pye pou yo danse.

Dezyèm konsekans : Se plis lagè grenn moun kont lòt k ap fèt. Nou pa wè pwogram ak lide. Nou pa wè koze revandikasyon k ap klewonnen epi mobilizasyon k ap fèt pou ranmase yo. Prèske tout kandida se lajan y ap depanse pou mete bann rara nan lari.

Twazyèm konsekans : Machin elektoral la deraye. Peyi a plis kwaze bra l ap gade. Lè tout bagay fin vire tèt anba, eske etranje yo pa p vire do yo epi lage nou nan mera pi plis. Gwo pwisans etranje yo genyen enterè pa yo y ap defann nan peyi a. Eleksyon yo ta dwe pèmèt yon nouvo gouvènman pèpè tabli nan peyi a. Se poutèt sa yo pran kontwòl pwosesis elektoral la. Men an menm tan, y ap klewonnen se Ayisyen, se Konsèy Elektoral la ki mèt kesyon an. Kidonk, se etranje kou Ayisyen k ap mennen jwèt mètdam nan.

### **Ki wòl ak reskonsablite sitwayen yo genyen ?**

Premye gwo reskonsablite nou genyen, **fòk nou pale oubyen fè sonje siyifikasyon reyèl eleksyon yo.** Pa gen solisyon pou gwo pwoblèm ak kriz peyi a ki ka sòti nan eleksyon. Tout moun konnen kalte boulvès politik, ekonomik ak sosyal k ap brase bil sosyete nou an. Tout moun konnen kijan pwoblèm granjou ak lamizè, anviwònman an k ap depafini grav. Eleksyon yo t ap ka sèlman louvri pòt pou poze pwoblèm sa yo. Pati politik oubyen kandida ki di yo gen solisyon, se gwo manti. Tankou nou deja di l, se yon nouvo Leta, yon nouvo sosyete nou gen pou konstwi. Se gwo batay ak mobilizasyon sosyal ki ka louvri wout pwojè sila a.

Nou genyen tou **wòl pou chèche mete etranje a nan plas li.** Sitiyasyon konfizyon n ap viv jounen jodi a mande yon repons prese prese. Nou dwe travay pou peyi a rejwenn dwa

granmoun tèt li. Depi 1986, gwo pwisans etranje yo toujou chèche pran plas Leta ak aktè sosyal ayisyen yo. Konsekans yo klè jounen jodi a. Gwo responsab peyi a ak anpil Ayisyen toujou kache oubyen lage kò yo nan men kominote entènasyonal. Depi 1986, menm kominote entènasyonal la pa sispann klewonnen gwo èd lajan yo deside bay Ayiti. Men pwomès sila yo pa janm respekte. Sa ki lakòz plis desepsyon kay pèp la. Nou pa ka di nou pa bezwen èd ki sòti lòt bò dlo. Men li lè, li tan pou nou konprann nouvo Leta ki pou bati nan peyi a, se sou do Ayisyen pou sa chita.

Men pwoblèm nan, aktè sosyal ak politik ki dwe ranmase responsablite sa a gen pwoblèm pa yo. Paske prèske tout enstitisyon peyi a an kriz. Trafik dwòg ak lòt rezo kriminel layite kò yo nan tout nivo sosyete a. Konsa, gen yon gwo defi nou dwe leve : ede mas pèp la reprann lapawòl ak rekòmanse òganize l sou yon baz konsekans. Eleksyon, se youn nan moman ki ka ede travay remobilizasyon sa a fèt.

Konsa, nou gen responsablite pou **ede konstwi yon nouvo konsyans sosyal ak patriyotik.** Oganizasyon dwa moun yo ta dwe pote kole nan konbit sila a anvan, pandan ak apre eleksyon. Pou nou vanse sou chimen sila a, nou dwe voye jete chire pit k ap fèt pou kontwole espas pouvwa ak pou defann enterè politik patizan.

**Jefò nou dwe fè, se travay pou ede konstwi yon nouvo lidèchip onivo sosyal ak òganizasyonèl.** Eleksyon yo montre gwo pwoblèm ki genyen nan nivo sa a. Kandida fè pil sou pil. Men nou pa wè lidè ki rasinen nan yon pwojè kolektif. Eleksyon yo tounen yon jwèt madigra kote se plis enterè pòs ak privilèj oubyen dyòb k ap diskite.

Se sa k fè **nou gen responsablite pou ede pèp la wè pi klè nan sitiyasyon peyi a ap viv.** Travay louvri je sa a dwe fèt nan tout nivo : depatmantal, lokal, rejyonal ak nasyonal, elatriye...

Nan menm lit pou kreye enstitisyon Leta valab, epi pou blije pati politik yo pran kesyon refòm Lajistis la oserye, Jistis ak Lapè nan kad Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistis penal la (yon inisyativ CEDH, HSI ak JILAP) mete devan tout aktè yo pwopozisyon pou fè **yon Pak pou reyalize refòm Lajistis** tout moun ap espere a. Pak sa a dwe pèmèt divès aktè yo louvri yon deba piblik sou refòm nan.

Fowòm sitwayen an **envite tout aktè yo, sa vle di tout gwoup ak enstitisyon ki gen enterè pou refòm nan fèt, pou yo antre nan yon deba sou fondman ak avni refòm nan.**

Plis toujou, Gouvènman tranzisyon an dwe bay yon enfòmasyon klè sou refòm li vle tanmen atravè yon seri dekrè k ap prepare. Li dwe enfòme tou sou tout negosyasyon l ap mennen ak tout akò ki fèt ak kominote entènasyonal la ki kapab genyen enfluyans sou refòm sistèm Lajistis la pi devan. Fowòm nan fè sonje : premye egzijans tout demokrasi se enfòmasyon transparan e konplè sou sa Gouvènman an ap mennen ak sou rezon ki fè l fè sa l ap fè a. Kominote entènasyonal la ki yon patnè pou zafè finans kapab manifeste apui li ak demach refòm Lajistis la, men se **aktè ayisyen yo ki dwe rete mèt li.**

## Dokiman 6 Desanm 2005

### Lèt tou louvri pou Premye Minis

Pòtoprens, 19 desanm 2005

M. Gérard Latortue  
Ak Gouvènman tranzisyon an  
Estrè - 2

**Nan finisman lane a nou gade tout moun ki nan prizon.** Fèt endepandans peyi a ak Fèt Lapè kretyen yo pa mande pou moun peri nan prizon yon fason ki pa kòrèk. Se vre, anpil moun nan prizon paske genyen krim, kidnaping ak zak ensekirite k ap fèt nan peyi a. Genyen ankèt ak investigasyon Lajistis dwe mennen pou pwoteje sosyete a, epi pou fè koupab yo pran reskonsablite yo devan sosyete a. Genyen jijman ki dwe fèt. Diyite moun, diyite viktim tankou koupab yo mande sa. Men, plizyè moun nan prizon san pa gen yon chaj ki klè kont yo. Komisyon an pa mande amnisti. Li pa mande favè. Li mande yon desizyon selon sa ki jis ak selon sa k kòrèk. Si pa gen chaj kont yon moun ki detni, pou kisa yo kenbe l nan prizon ? Men, jistis la ki premye egzijans kè sansib la genyen tout enpòtans li lavèy Fèt Lapè ak endepandans peyi a.

Antouka, Komisyon an panse, moun ki nan detansyon, men ki pa kondane, yo sanse inosan. Ki fè, yo gen dwa egzèse dwa sivil ak politik yo. Nou mande pou Gouvènman an, annakò ak KEP la, pran tout mezi ki nesèsè pou moun sa yo kapab patisipe nan eleksyon k ap vini yo, pou yo kapab vote kòm sa dwa

#### Extrait - 2

**En cette fin d'année, nous regardons les personnes qui sont en prison.** La célébration de l'Indépendance du pays et de la fête chrétienne de la Paix demande qu'il n'y ait personne qui souffre en prison injustement. Il y a certes des gens en prison à cause de la criminalité, du kidnapping et des actes d'insécurité ; des enquêtes doivent se faire afin de protéger la société et d'obliger les coupables à rendre compte devant la société ; des jugements doivent avoir lieu. Ceci est une exigence de la dignité humaine des victimes comme des coupables. Mais plusieurs personnes se trouvent en prison sans charges ou sans charges précises. Nous ne demandons pas une amnistie ou une faveur, mais une décision juste et correcte. S'il n'y a pas de charge, pourquoi tenir quelqu'un en prison ? La justice, comme première exigence de la charité revêt toute son importance à la veille de Noël et de la fête de l'Indépendance du pays.

De toute façon, les personnes en prison sans être condamnées jouissent toujours de la présomption d'innocence ; elles jouissent donc de leurs droits civils et politiques. Nous demandons au Gouvernement, de concert avec le CEP, de prendre les mesures nécessaires pour qu'elles puissent exercer leurs droits aux prochaines élections.

## Dokiman 7 desanm 2005

Pòtoprens, 20 desanm 2005

### Lèt tou louvri pou Manm KEP yo

M Max Mathurin  
Ak tout Manm nan KEP la

Mesye, Madam,

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Komisyon an fèk rankontre ak kòdonatè li yo nan zafè obsèvasyon elektoral. Yo rapòte nou ki jan pwosesis elektoral la mache nan tout depatman yo.

Nou konstate preparasyon pou eleksyon yo pa genyen twòp vyolans ladan l, oubyen ki mare dirèk ak eleksyon an. Nou swete anpil pou sa rete konsa. Nou fè konpliman pou pati politik ki respekte Kòd Etik yo te siyen an, kote yo te pran angajman pou konbat vyolans nan kanpay elektoral la. Nou ankouraje yo kenbe klima sa a, pou eleksyon an kab fèt nan bon kondisyon. Nou swete pou tout pwoblèm yo toujou kapab regle nan bon jan dyalòg ak konsètasyon. An menm tan nou dwe di tou : genyen anpil vyolans k ap fèt toujou, sitou nan kapital la, poutèt dezameman ki pa t fèt. Plizyè kote nan peyi a gwoup ki te pran abitud sèvi ak zam toujou genyen enstriman lanmò sa yo nan men yo.

Anpil kote, moun yo montre anvi yo genyen pou patisipe nan eleksyon an, tèlman yo vle sòti nan kriz sa a peyi a ap viv. Sèlman, responsablite tout moun ki nan òganizasyon eleksyon an gran anpil pou se pa tounen kouri pou lapli tonbe nan larivyè. Eleksyon an dwe fèt nan bon kondisyon, li dwe yon pa nan bon direksyon, pou kriz la kaba toutbonvre pi devan.

Nou konstate tou pwosesis la bwete sou anpil pwen. Genyen anpil fay. Gen nouvo eksperyans k ap fèt, nou pokò konnen ki kote y ap mennen. Kat sitwayen an se youn nan yo. Se yon bon bagay pou tout sitwayen jwenn mwayen pou idantifye yo kòm sadwa. Men, nou konstate tou, gen moun ki pran desizyon nan zafè eleksyon nan peyi a ki pa konnen teren an. Konsa, gen kèk sityasyon ki vin kreye ki fè patisipasyon moun yo nan plizyè seksyon kominal yo vin difisil anpil. Sa menm kapab dekouraje moun pou y al patisipe nan eleksyon an.

Men sa n konstate nan preparasyon eleksyon yo selon enfòmasyon nou rive jwenn :

1. Pou eleksyon yo kab fèt, y ap mete sou pye 803 sant ak 9.194 biwo vòt. Selon sa yo di ap gen pou pi piti yon sant vòt nan chak komin ak yon sant vòt nan chak seksyon kominal. Men lè n gade ki kote y ap mete sant vòt sa yo, nou wè anpil peyizan ak moun nan seksyon kominal yo pa p kapab vote akòz move dispozisyon sant vòt yo. Ann gade kèk egzanp, gen anpil konsa :

- a. Nan katriyèm seksyon Kabarè, moun ki rete nan zòn Betèl, pou rive Kazal kote sant vòt la ap ye, bezwen desann Fon Monben sou wout Nasyonal #1, epi pran kamyonèt rive Kabarè pou remonte rive Kazal. Y ap pase akote de (2) lòt sant vòt sou wout yo a.
- b. Moun Chofa ki pa gen sant vòt lakay yo, yo bezwen vin vote nan yon sant Kafou, nan zòn metwopoliten an. Moun Bèl Fontèn bezwen desann vin vote Kwadebouke. Nan Fon Verèt menm, anpil moun bezwen al vote Oryani, distans 4trè mache nan mòn.
- c. Nan depatman Sant, nan seksyon Gwanarya (komin Ench) moun ki rete Regalis, Zabriko ak Laflè Disèt bezwen mache 5 èdtan pou vin vote Pandyasou, toupre vil Ench. Nan menm komin Ench, nan seksyon Agwadeyonn Riv Gòch, moun ki rete bò pon Vinsan bò vil la dwe al vote Koladè. Moun ki rete Basen Zim ak Wannikètè pral vote Lòs Palis (Agwadeyonn Riv Dwat).
- d. Nan twazyèm seksyon Pòdepè, moun yo ap sòti Lakwa Sen Jozèf pou vin vote Obè ; y ap mache pandan 4trèdtan. Nan sizyèm seksyon komin Sen Lwi Dinò, moun ki rete nan zòn Lafaj (Chamwaz) ap mache plizyè èdtan pou vin vote Rivyè Ba. Nan premye seksyon komin Chansòl, peyizan ap sòti nan limit Opiton pou vin vote Byon ; yo bezwen 4 trèdtan pou rive...

2. Anpil kote gen moun ki pou yon rezon yo pa rive konprann, bezwen al vote byen lwen ak lakay yo. Nou tande moun nan seksyon k ap vin vote nan bouk, kote pa gen ASEK ak KASEK. Epi, moun nan sant vil yo ki bezwen al vote nan seksyon kominal anpil kilomèt lwen lakay yo. Kòm egzanp:

- a. Gen moun ki rete nan vil Okay ki dwe al jouk Labòd pou vote.
- b. Plizyè moun ki abite nan zòn Kafou fè konnen yo voye yo vote nan Mòn a Chandèl.
- c. Gen moun Gantye yo voye al vote Ma Wozo.
- d. Nan vil Jakmèl, gen moun ki rete nan ba lavil yo voye jouk Montay Lavout pou vote.
- e. Gen moun k ap sòti nan komin Marigo pou al vote nan seksyon Koray sou lokalite Koray Tesè.
- f. Nan Leyogàn, moun Desous sou wout Nasyonal #2 ap gen pou monte Delann nan tèt larivyè Lawouyon.

Tout sa montre nan moman rejistrasyon an te manke anpil presizyon nan jan yo te anrejistre kote moun yo rete. Fason enskripsyon vòt la te fèt la kapab yon lòt kòz. Dabò, yo te mande moun nan seksyon kominal yo pou al enskri nan sant komin yo. Apre sa, te genyen biwo ki t ap deplase. Lè yo mande moun yo ki kote yo rete, moun ki rete nan seksyon yo te kab deklare yo rete nan vil la. Elatriye.

Dekrè elektoral la nan atik 52, mande pou yo te kab afiche yon lis elektoral pwovizwa nan divès kote y ap mete BV yo, 30 jou anvan eleksyon yo ap fèt pou pèmèt sitwayen yo fè koreksyon nan lis elektoral yo. Sa pa fèt. Ki jan pi gwo erè yo kapab korije nan lis elektoral yo?

3. Nou pa pale sou kèk erè ki te fèt nan kat yo, tankou kèk non ki pa kòrèk, foto ki manke klè, el. Anpil pawòl gen tan pale sou sa. Gen mezi ki pran pou korije plizyè nan erè sa yo. Nou konsidere pi grav, kòm yon vyolasyon dwa moun, move kondisyon pou remèt moun yo kat sitwayen yo. Plizyè kote yo fè n konnen jan sa fèt nan zanmitay, yo bay moun pase anba. Sa se travay sekirite e menm kèk polisye ki sèvi ak enfliyans pou fè moun pase devan. Konsa, moun ki sòti byen lwen ap fè tout yon jounen ap tann san yo pa jwenn kat sitwayen yo. Sa se pa menm bagay ak priyorite pou yo bay moun ki andikape ak fanm ansent, paske sitwayen sa yo menm bezwen pwoteksyon sa a.
4. Nan de (2) nòt li te fè 21 septanm ak 20 novanm 2005, Komisyon an te poze **kesyon sou moun ki pa konn li ak ekri yo**. Nan kòmansman mwa desanm, nou te ekri chak manm nan KEP la pou poze pwoblèm nan an detay. Konbyen vòt ap gaspiye si bon mezi pa pran, paske eleksyon an genyen yon pakèt difikilte ladan l ? Anyen pokò di sou sa. Se kòm si kondisyon anpil anpil moun nan peyi a pa di anyen. Ki dispozisyon nou menm nan KEP la ap pran pou sitwayen sa yo kapab egzèsè dwa yo pou vote kòm sa dwa ? Jis nan moman sa a nou pokò tande anyen ki di sou sa.
5. Eleksyon jeneral sa yo konplike anpil, paske genyen anpil vòt diferan epi pati politik ak kandida pou chak pòs yo anpil tou. Eske sitwayen yo konnen konbyen bilten vòt y ap resewa nan men yo ? Konbyen non pou yo make ? Ki jan pou distenge bilten ki pou prezidan an, sa k pou senatè yo ak sa k pou depite a ? Sou kilès nan yo pou yo make twa (3) non, tandiske sou de 2 lòt bilten yo se yon sèl ? Ki kote pou yo make kwa a ? Elatriye. Edikasyon sivik la pa rive fèt nan preske tout kwen peyi a. Selon sa n wè se nan kèk zòn sèlman l ap fèt.

**Men ki sa n pwopoze :**

1. KEP la dwe asire ap genyen trafik transpò piblik nòmalman nan jou eleksyon yo. Kote k gen difikilte pou moun rive nan biwo vòt yo, nou sijere pou Leta òganize yon sèvis transpò piblik pou ede sitwayen yo rive kote yo dwe rive a.
2. Pou moun ki pa konn li ak ekri yo, nou sijere pou moun ki vle kapab vini ak yon moun yo fè konfyans pou ede yo pou ranpli bilten yo nan jou vòt la ap fèt la.
3. Pou obsèvatè yo ki gen akreditasyon, nou mande pou yo kapab vote nan sant vòt la kote y ap fè obsèvasyon elektoral la, menm jan sa deside nan dekrè elektoral la pou mandatè pati politik yo.
4. Pou KEP la mete plis jefò nan kanpay edikasyon sivik la pou montre moun yo ki jan yo kapab vote san yo pa gaspiye vòt yo.
5. Pou pati politik yo tou mete plis jefò nan montre moun yo ki jan yo kapab vote yon fason valid.
6. Pou yo renmèt kat sitwayènte bay moun yo, san kesyon moun pa. Si yon moun pa andikape, granmoun cheve blan oswa fanm ansent, pa gen rezon pou yo nan moun pa nan moman y ap renmèt kat sitwayen yo. Sa n mande se bon jan òganizasyon ki respekte moun.

Chè Manm nan KEP la, nou gen gwo reskonsablite mennen peyi a sòti nan kriz kote l ye a ak bon eleksyon nou dwe òganize. Yon eleksyon ki respekte sitwayen se yon eleksyon kote yo kapab patisipe nan bon kondisyon. Jan peyi a ye a, pyès moun pa kab mande yon eleksyon san pyès iregilarite ladan l. Sèlman, yon bon eleksyon pa kab fèt si l ap mete sou kote peyizan yo ak moun nan mòn yo. Deja anpil nan yo pa t kapab pran kat sitwayente yo. Kounye a, pou jan biwo vòt yo òganize, anpil nan yo ap dekouraje pou patisipe jou vòt la. Nou konsidere sa grav si anyen pa fèt pou korije sitiyasyon sa a, mezi n kapab.

Pou ekip kodonatè obsèvasyon elektoral la.

Pè Jean Hanssens, Direktè

Kopi : OPC, òganizasyon dwa moun, laprès

## Dokiman 8 janvyè 2006

Pòtoprens 20 janvyè 2006

### Nòt pou laprès

Komite Egzekitif Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye tout moun. De (2) semèn anvan eleksyon an, Komisyon Jistis ak Lapè ki angaje afon nan obsèvasyon elektoral la ak plis pase 1000 obsèvatè atravè peyi a, trase bilan li fè sou fason preparasyon eleksyon yo te fèt.

1. Wi, nou anrejistre epi denonse anpil erè ki fèt nan preparasyon eleksyon sa a. Anpil tan te pèdi depi nan kòmansman, nan fè gwo diskisyon ki te kapab sèvi pou asire yon pi bon preparasyon.
2. Reyalite esklizyon ak mete moun sou kote toujou la. Se pa sèl lokalizasyon sant ak biwo vòt yo ki te mennen ladan l. Nan mwa sektanm ak novanm 2005, nou te deja fè remake nan ki kondisyon anrejistreman elektè yo te fèt sitou nan seksyon kominal yo. « Komisyon an pran nòt deklarasyon KEP la te fè pou di : li anrejistre 3.400.000 sitwayen, sou 4.400.000 sitwayen ki genyen dwa pou vote nan peyi a, selon sa estimasyon yo di. » (novanm 2005). Eske diferans sa a pa vle di anyen ? Pou tout kalite rezon, se sitou abitan nan seksyon kominal yo ki pa anrejistre. Nou regrèt sityasyon sa a, sitou paske nou gen fèm konviksyon, se eleksyon lokal yo ki te dwe fondman konstriksyon demokratik peyi a.
3. Nou pran nòt jefò KEP la ak divès teknisyen yo ap fè pou korije sa yo kapab nan domèn teknik, pou sa k gade sant vòt yo, biwo vòt yo, ak fason yo voye elektè yo al vote tèl ou tèl kote.

Li klè, eleksyon 2006 sa yo ap genyen anpil limit. Men, lè n tande divès aktè yo k ap pale (CEP, Gouvènman, PNH, PNUD, Minustah, OEA), gen de bagay nou pa rive konprann. Poukisa youn bezwen voye toya sou lòt, si se ansanm yo te vle reyalize yon bagay ki bon pou peyi a, selon sa yo tout ap di ? Eske pa t gen yon gwo mank transparans nan tout pwosesis la, bò kote chak aktè ? **Eske sitwayen yo gen dwa espere pou divès aktè sa yo chita ansanm, pou yo esplike devan laprès, san pa gen voye monte, ki kote difikilte yo ye :** Ki sa k te fèt ? Ki limit eleksyon ap genyen nan kondisyon ki la yo ? Sitwayen yo gen dwa konprann ki limit travay la genyen, san voye monte, san voye toya, men yon fason pou yo kapab apresye jefò yo ki fèt. Nan tout preparasyon, sanble aktè yo te **bliye sitou pou kreye konfyans !!**

Plis toujou, men ki sa Komisyon an mande epi sijere pou dènye semèn sa yo :

1. Bò kote pati politik yo, pou yo **kenbe yon klima lapè san vyolans pandan kanpay elektoral la**. Plizyè evènman montre genyen twòp entolerans nan mitan aktè politik yo, epi gen twòp tolerans anvè vyolans ki kapab parèt nan chak moman. Pati politik yo dwe fè patizan yo konprann se pa ak vyolans moun kapab regle avni yon peyi. Okontrè, eleksyon se yon fason san vyolans pou deside sou avni peyi a. Nou vle pou tout kandida yo kondane yon fason klè tout vyolasyon patizan yo ta komèt nan non yo. Nou mande pou yo sispann youn akize lòt ak tout kalite pwose entansyon. Nou mande yo sonje kòd etik divès pati politik te siyen nan non yo.
2. Pati politik yo ta dwe pi klè lè yo **ekspeze pwogram yo genyen pou amelyore sityasyon peyi a ak kondisyon jeneral sitwayen yo**. Ki plas lit kont enpinite ak koripsyon genyen ? Ki plas refòm lajistis genyen ? Ki plas fanmi yo e ki jan y ap pwoteje yo ? Ki politik sosyal yo prevwa ? Ki sa sitwayen yo kapab espere nan men yo chak, si se yo ki ta genyen pouvwa nan peyi a ?
3. Ti tan ki rete a, ta dwe konsakre ak **yon gwo kanpay edikasyon sivik, pou montre moun ki jan pou yo vote**. Yo dwe fè yo wè imaj bilten vòt yo. Moun yo dwe konnen sou kilès bilten y ap make yon sèl non (pou prezidan oswa depite), sou kilès bilten y ap make twa non (pou senatè). Elektè yo dwe konnen yo gen dwa vote pou moun nan divès pati politik, el.
4. KEP la dwe asire li fin regle tout dèt ak retribisyon li dwe yo anvan jou vòt la, pou tout sa pa sèvi pretèks pou tout kalite neglijan.
5. Nan nòt pou laprès li te fè jou ki te 21 septanm ak 20 novanm 2005, ak nan yon lèt piblik nou te voye bay KEP la nan dat 20 desanm 2005, Komisyon an te poze chak fwa **kesyon sou moun ki pa konn li ak ekri yo**. Nou poze kesyon an paske nan eleksyon anvan yo twòp vòt t ap gaspiye, paske moun yo mal ranpli bilten vòt yo. Eleksyon jeneral yo konplike anpil, paske genyen anpil vòt diferan epi pati politik ak kandida pou chak pòs yo anpil tou. Nou mande yon lòt fwa : Ki dispozisyon KEP la pran pou sitwayen sa yo kapab egzèse dwa yo pou vote kòm sa dwa ? Jis nan moman sa a nou pokò tande anyen ki di sou sa.
6. Nan yon lèt piblik pou Premye Minis ak Gouvènman an (19 desanm 2005), Komisyon an te poze **kesyon dwa sivil ak politik moun ki nan prizon san yo pa t kondane yo**, pou yo kapab jwi dwa sa yo epi pou yo ta kapab patisipe kòm elektè nan eleksyon an. Peyi a bezwen kèk jès ki montre aklè se rekonsilyasyon ant tout moun nou vle, epi pa dwe gen moun sou kote pou rezon sosyal oswa politik.

**De (2) semèn anvan jou premye tou vòt la, Komisyon Jistis ak Lapè renouvle konfyans li nan kapasite pèp Ayisyen genyen pou depase anpil move pas, epi pou reyalize anpil bon bagay nan yon ti bout tan, depi tout lespri yo sou sa, depi tout moun vle.**

Komite Egzekitif Nasyonal la.

## Note de presse

Le Comité Exécutif de la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue vous tous. A deux semaines du premier tour des élections, la Commission qui s'est engagée à fond dans l'observation électorale avec plus de 1000 observateurs sur le terrain, fait le bilan concernant les préparatifs du scrutin.

1. Oui, nous avons enregistré et dénoncé beaucoup d'erreurs qui ont été commises ; beaucoup de temps précieux a été gaspillé qui aurait pu servir pour assurer une meilleure préparation du scrutin.
2. La réalité de l'exclusion y est toujours. Ce n'est pas seulement une question de la localisation des centres et bureaux de votes. Au mois de septembre et novembre 2005 déjà nous avons signalé la condition de l'enregistrement des électeurs dans les sections communales. « La Commission prend note de la déclaration du CEP qui fait savoir que sur 4.400.000 électeurs potentiels, 3.400.000 ont fait les démarches pour retirer leur carte de citoyen. » (novembre 2005). Est-ce que cette différence ne signifie rien ? Pour plusieurs raisons, les personnes qui ne sont pas enregistrées se trouvent surtout dans les sections communales. Nous le regrettons, surtout parce que nous sommes convaincus que les élections locales sont le fondement de la construction démocratique du pays.
3. Nous prenons note des efforts du CEP et des techniciens à divers niveaux pour corriger ce qui est encore possible du point de vue technique, pour ce qui regarde les centres de vote, les bureaux de vote et l'affectation des électeurs aux divers bureaux.

Il est évident, les élections de 2006 auront leurs limites. Mais en écoutant les déclarations des différents acteurs (CEP, Gouvernement, PNH, PNUD, Minustah, OEA), nous ne comprenons plus. Pourquoi ces accusations mutuelles si chacun est en train de chercher, selon leurs dires, ce qui est le mieux pour le pays ? Est-ce que la question fondamentale ne serait pas le manque de transparence chez tous les acteurs ? **Est-ce que les citoyens et citoyennes peuvent espérer qu'on leur fournisse des clarifications et qu'on leur explique les difficultés rencontrées, tous les acteurs ensemble, dans une conférence de presse par exemple, sans accusations mutuelles ?** Où est le problème ? Quelles seront les limites des élections dans les conditions actuelles ? Les citoyens et citoyennes ont le droit de savoir et de comprendre les limites du processus, sans fausses accusations, mais d'une façon qui permette d'apprécier les efforts entrepris. Durant toute la préparation, il semblerait que les acteurs aient surtout **négligé de créer confiance !!**

Voici ce que la Commission souhaiterait et suggère pour le temps qui nous sépare du scrutin :

1. Du côté des partis politiques, qu'ils s'efforcent de **garder un climat de paix et de non violence durant la campagne électorale.** Plusieurs événements démontrent un degré d'intolérance entre les acteurs politiques et de la tolérance envers la violence qui peut se manifester à chaque instant dans la société. Les partis politiques doivent faire comprendre à leurs fanatiques qu'on ne peut résoudre les problèmes du pays par la violence. Au contraire, les élections constituent une alternative non violente pour décider de l'avenir du pays. Nous demandons que tous les candidats et candidates condamnent de façon ferme toute violence que leurs partisans commettraient en leur nom. Nous demandons qu'on arrête les accusations et procès d'intention. Nous rappelons le Code éthique signé par les partis politiques au nom de tous leurs candidats.

2. Les partis politiques devraient **exposer clairement leur programme politique pour améliorer la situation du pays et la condition de vie des citoyens et citoyennes en particulier**. Comment vont-ils aborder la question de l'impunité et de la corruption ? Comment voient-ils la réforme du système judiciaire ? Quelle politique familiale et comment pensent-ils les protéger ? Quelle politique sociale envisagent-ils ? Qu'est-ce que les citoyens et citoyennes peuvent espérer s'ils remporteraient la victoire dans les élections ?
3. Pendant le petit temps qui reste, il faudrait lancer **une campagne d'éducation civique massive pour expliquer le mécanisme du vote**. Il faudrait montrer aux gens comment est organisé un bulletin de vote. Ils doivent savoir sur quel bulletin ils ne peuvent marquer un seul candidat (président ou député) et sur quel bulletin ils peuvent marquer trois noms de candidats de partis politiques différents (sénateur). Etc.
4. Le CEP doit s'assurer que toutes les dettes et arriérés de salaires sont payés avant le jour du scrutin, pour que ça ne serve pas d'excuse à des négligences.
5. Dans la note de presse du 21 septembre et du 20 novembre 2005, et dans une lettre publique aux membres du CEP en date du 20 décembre 2005, la Commission a soulevé **la question des analphabètes** dans le pays. Nous soulevons la question à cause du grand nombre de votes nuls lors des élections précédentes. Ces élections sont complexes et il y a un grand nombre de candidats et candidates pour chaque poste. Nous réitérons notre demande : Quelles sont les dispositions prises par le CEP pour permettre à ces citoyens et citoyennes pour exercer leur droit de vote correctement ? Jusqu'ainsi, nous n'avons pas encore eu de réponse.
6. Dans une lettre publique au Premier Ministre et au Gouvernement (le 19 décembre 2005), la Commission a soulevé **la question des droits civils et politiques des détenus qui n'ont pas été condamnés** et elle a avancé la suggestion de leur participation comme électeurs et électrices au scrutin. Le pays a besoin de gestes concrets qui démontrent clairement une volonté de réconciliation ; il faut combattre l'exclusion sociale et politique.

**A deux semaines du premier tour des élections générales, la Commission Justice et Paix renouvelle sa confiance dans la capacité du peuple Haïtien de dépasser de moments difficiles et de réaliser des choses valables en peu de temps, dès que la volonté commune soit présente.** Le Comité Exécutif National.

Port-au-Prince, 20 janvier 2006

Paraf / signatures :

P. Attilus B. Desca et Dadine M. Charles (Ouest) ; P. Prophy Prophète et Azarias Dubréus (Nord Ouest) ; P. Nicolas Valcimond et Alucia Joseph (Nord) ; Guito Lafond et Marie-Ange Dagrín (Sud Est) ; Désumé Israck (Artibonite) ; Agena Dominique (Sud) ; Elianne Ménélas (Nord Est) ; Beau brun Chislaine, P. Jan Hanssens, Jocelyne Colas et Chéríma Jn Rivière (Comité Directeur national).

Nòt pou laprès  
Premye evalyasyon jounen vòt 7 fevriye a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye kouray ak detèminasyon pèp Ayisyen an pou fason l te patisipe nan premye tou eleksyon yo. Anvan nou prepare yon rapò ak plis detay, n ap prezante yon premye evalyasyon nou reyalize sou jounen 7 fevriye, avèk patisipasyon 1100 obsèvatè Rezo obsèvasyon Komisyon an genyen atravè tout peyi a.

Nou te temwen jan moun tout tandans politik, kòtakòt t ap tann ak anpil pasyans pou patisipe nan yon eleksyon ki gengen yon enpòtans kapital pou transfòmasyon peyi yo. Sa montre avni peyi a pa kite yo endiferan, okontrè, yo vle chanjman, yo vle yon peyi ki pi bon, yo vle yon peyi tout bon kote moun viv nan diyite ak kè kontan.

Nou pa kapab fè menm konpliman sa a pou òganizasyon eleksyon yo, paske si se pa t bon sans, pasyans ak volonte pèp la, jounen eleksyon sa a te kapab yon katastwòf.

Eleksyon an montre enpòtans kat idantifikasyon nasyonal la. Se yon nesosite, se yon fyète pou sitwayen yo. Men, anpil jefò dwe fèt pou l tounen yon enstriman kòrèk nan jesyon nòmal peyi a.

Men kèk gwo fay nou te dekouvri sou jounen eleksyon sa a :

- Espas sant yo te twò piti pou valè biwo vòt yo mete ladan yo. Nou wè 40 rive 50 biwo vòt nan yon ti espas ki pa menm ka pran 10 biwo. Ak sityasyon sa a, pa t gen okenn sèvis akèy pou fasilite elektè yo jwenn biwo ki pou yo a. Enfòmasyon pa sikile, malgre volonte responsab biwo yo pou fè travay la, men yo manke eksperyans, yo travay lan, pwosedi yo twòp. Apre 4 jou konje pou prepare akèy elektè yo, se nan maten jou eleksyon an yo prepare espas yo.
- Sanble tout bagay te klè nan tèt moun ki te planifye biwo vòt yo, men nan reyalyte a, anyen pa t fèt. Sèlman materyèl yo ki te la sou kont Minustah.
- Fason lis elektoral yo te fèt, se pi gwo tèt chaje toujou. Anpil non pa t sou lis, lojik lis yo pa t klè, sa kreye anpil monte desann nan yon espas ki te deja twò piti kote yon senp panik te kapab trennen dèyè l anpil tèt chaje, si se te pa bon sans pèp la ki vle chanjman, epi ki vle pou yo pran l oserye nan pwòp peyi li.
- Anpil kote pa t gen sèvis sekirite yo te pwomèt la. Minustah te prezan anpil kote, men, baryè lang ak kilti fè yo pa konprann anvi pèp la pou patisipe nan eleksyon pou sòti peyi a nan sa l ye a. Sityasyon sa a fè nan yon sant tankou Sen Jera yo tire anlè, epi yo bay gaz lakrimojèn nan sant

Dimasè Estime sou Belè, lakòz plizyè moun endispoze. PNH te montre l pi alawotè, paske l te ka pi konprann atitud moun yo nan yon moman konsa.

- Manm BV yo te fè sa yo kapab pou tout bagay pase byen e nou konplimante yo, men anpil nan yo te manke eksperyans. Pa t gen anyen ki te prevwa pou granmoun, fanm ansent ak andikape. Sa fè te gen anpil endispozisyon.
- Pwoblèm òganizasyon eleksyon an trennen dèyè l fè kèk kote te gen tèt ak pye kase, tankou Sen Lwi dinò, Aken ak Gonayiv; voye wòch ak dekourajman (Bè Moustik, Pòdepè). Gad elektoral yo santi yo blije bay gaz lakrimojèn (tankou Okay, Gran Basen, Terye Wouj, Laplant – Pòdepè). Nou regrèt kèk moun mouri nan evènman an. Dapre enfòmasyon nou yo : 2 moun mouri nan kapital la ak 2 moun nan Gwomòn (7 yèm seksyon Moulèn) nan menm sikonstans anbouteyaj la. 2 moun toujou mouri nan Jakmèl nan aksidan.

Kèk kote eleksyon pa t kapab fèt, oswa moun pa t kapab vote kòm sa dwa :

- Lis depite Gresye ak Grangwav te boukante.
- Nan Gran Salin (sant Potno), 2 kandida (Mocrenah ak Fizyon) tonbe dezakò ak patizan Atibonit annaksyon ki te okipe BV yo : bilten chire, biwo kraze. Pa t gen eleksyon nan sant ki tabli nan seksyon Potno a.
- Nan seksyon Matino ki pou Lachapèl, kandida depite Latibonit annaksyon ak Fizyon goumen, sa kif è eleksyon pa t ka fèt nan sant vòt sa.
- Nan Aken (sant Moriso) yo chire rejis elektoral la nan kek biwo nan nwit anvan, yo kite moun yo vote. Moun yo pa t vote nan yon biwo nan katrityèm seksyon Flaman, pou lis elektoral ki pa t vre. Nan seksyon Boudon (komin Chanbelan) yo boule yon biwo vòt.
- Nan Chansòl, moun dezyèm seksyon te konnen se nan bouk la yo pral vote, nan dènye jou yo aprann se nan sant premye seksyon an ki pi lwen pou y ale. Anpil moun dekouraje. Sa te fèt lòt kote tou, tankou nan kapital la. Sa montre anpil enfòmasyon yo bay nan dènye moman pa pase kòm sa dwa.
- Anyen pa t janm di pou moun ki pa konn li ak ekri. Konsa, Okay, nan sant Filip Gerye (biwo 3) se manm biwo ak mandatè ki vote pou yo. Nan Nòdès, plizyè kote mandatè fè moun vote pou kandida pa yo. Nan Pòtoprens, kèk kote, se elektè ki te ede yo.
- Nan depatman Nò, plizyè kote Minustah ranmase bwat vòt yo san yo pa fè kontaj ak pwosè vèbal BV yo.

Pèp nou an genyen yon gwo sans patisipasyon : li vle yo pran l oserye apre tout ane sa yo yo te refize ba l plas li. Ak tout limit pwosesis la genyen, pèp la te montre li vle chanjman epi li te montre volonte li. Eske anpil bloka j la se pa onivo klas politik la menm li ye ?

- Yo fè n konnen te gen goumen ant 2 kandida depite (Atibonit annaksyon ak Fizyon) nan Liyankou (premye seksyon Vèrèt). Nan Grand Salin menm (seksyon Potno), 3 lòt kandida depite (Atibonit annaksyon, Mocrenah ak Fizyon) antre nan sant la epi chire bilten vòt yo. Patizan Atibonit annaksyon ak Fizyon fè menm bagay la nan seksyon Matino (Lachapèl).
- Te gen goumen ant patizan MIRN ak Alyans nan vil Basen Ble ak nan premye seksyon an.
- Bonbadopolis, divès patizan MIRN, Alyans, Espwa ak Inyon anvayi biwo vòt yo nan aswè epi yo brile materyèl yo, konsa pa gen rezilta nan sant ki tabli nan vil la, epi nan 2zyèm ak 3 zyèm seksyon an, anvan sa, yon patizan OPL te vle vote plizyè fwa. Nan premye seksyon, elektè yo ak Minustah sove bilten yo.

- Nan Boudon (komin Chanbelan) patizan Fizyon boule yon biwo vòt.
- Nan Plato Santral, patizan divès pati te vle enfliyanse moun jouk anndan BV yo.

Men ki sa n mande :

Oganizasyon yon bon eleksyon dwe kòrèk. Se responsablite Leta pou asire l, paske eleksyon se yon ak souvren sitwayen yo nan yon peyi poze, pou chwazi moun ki pou dirije l nan diyite ak respè. Oganizasyon eleksyon dwe byen fèt, paske se konsa yo montre respè pou diyite moun.

Yon peyi byen òganize se pa yon bagay konsa konsa. Se respè pou diyite sitwayen yo ki egzije l. Se poutèt sa nou mande anvan dezyèm tou eleksyon an :

- **Yon bon evalyasyon dwe fèt sou sistèm sant vòt yo ak pakèt biwo ki anndan yo. Fòk yo etidye kote yo mete sant vòt yo pi byen. Fòk espas yo kòrèk, fòk gen sekirite fizik anndan l. Yo pa dwe mete yon pakèt biwo nan yon espas ki pa la pou sa.**
- **Si lis elektoral chak BV enpòtan, fòk lis yo kòrèk. Fòk gen bon enfòmasyon sou fason lis yo fèt.**
- **Fòk genyen bon enfòmasyon sou ki kote pou elektè yo jwenn sant yo ak BV yo. Fòk aksè BV yo fasil e kòrèk. Tout travay la dwe prepare depi anvan jou eleksyon an, se pa nan moman an menm pou moun blije mache chèche.**
- **KEP la dwe aji kont tout kandida ki te mele nan zak vyolans, selon sa Dekrè elektoral la di.**

Nan yon demokrasi, eleksyon se sèl mwayen kòrèk pou moun pran pouvwa nan Leta. Se yon fason pou sitwayen yo, nan lapè ak nan respè youn pou lòt chwazi ekip moun li vle ki dwe dirije e òganize peyi a. Nan eleksyon sa yo, pati politik yo genyen yon gwo responsablite devan listwa ak devan pèp ayisyen an pou asepte rezilta vòt yo depi pa gen rezon serye ak iregilarite majè ki ta mande konsiderasyon. Jou eleksyon an tout moun te ka konstate jan moun diferan tandans politik te mete ansanm pou eleksyon yo reyisi. Sa se yon gwo mesaj pèp la voye bay tout moun ak tout sektè yo.

Pou Komite Direktè Nasyonal la,

P. Jean Hanssens, Direktè

**Note de presse**  
**Première évaluation de la journée du 7 février 2006**

**La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue le courage et la détermination du peuple haïtien dans la façon qu'il a participé au premier tour du scrutin. Avant de préparer un rapport détaillé, nous présentons une première évaluation de la journée du 7 février 2006, avec la participation de nos 1100 observateurs qui constituent le réseau d'observation électoral de Justice et Paix à travers le pays.**

**Nous avons été témoins de la façon dont les citoyens de différentes tendances politiques attendaient patiemment pour participer à ce scrutin tellement important pour la transformation du pays. Ceci prouve clairement que l'avenir du pays ne les laisse pas indifférent. Au contraire, ils veulent le changement, ils rêvent d'un pays qui marche bien, ils veulent vivre en dignité et heureux dans leur propre pays.**

**Nous ne faisons pas les mêmes louanges pour l'organisation électorale. S'il n'y avait pas le bon sens, la patience et une volonté réelle du peuple participer au vote, la journée du 7 février aurait pu devenir une catastrophe nationale.**

**L'élection a démontré l'importance que la carte d'identification nationale aurait pu avoir. Elle constitue une nécessité et une fierté pour les citoyens. Mais un bon nombre de corrections restent à faire pour qu'elle devienne un instrument correct et efficace dans la gestion normale du pays.**

**Voici quelques faiblesses importantes que nous relevons dans l'organisation même des élections:**

- Des centres qui manquent de l'espace pour le grand nombre de BV. Nous avons observé 40 à 50 bureaux de vote dans des espaces qui n'en mériteraient pas plus qu'une dizaine. Aucun service d'accueil pour faciliter les électeurs à trouver leur bureau. L'information et la communication ne circulent pas, malgré la bonne volonté des agents des BV, mais ils manquaient de l'expérience ; le travail se fait lentement ; les procédures sont laborieuses. Après 4 jours de congé pour préparer l'accueil des électeurs, c'est le matin du scrutin qu'on prépare les espaces.
- Tout semblait être préparé seulement dans la tête de certains responsables, mais en réalité rien n'était fait au niveau des BV; seul le matériel de vote se trouvait sous la garde de la Minustah.
- Les listes électorales étaient source de la plus grande confusion. Il y manquait des noms, la logique derrière les listes manquait de clarté. Ceci était la cause de recherches effrénées dans des espaces trop petites pour circuler où une simple panique aurait pu causer des dégâts imprévisibles. Heureusement qu'il y avait le bon sens d'un peuple qui veut le changement et qui veut être traité avec considération dans son propre pays.
- En plusieurs endroits la sécurité promise faisait défaut. La Minustah, bien présente mais ignorant la langue des gens et la mentalité, ne comprenait pas l'engouement du peuple pour participer au scrutin. Dans le Centre de St Gérard on tire en l'air, dans le centre Dumarsais Estimé (Belair) on donne de gaz lacrymogène. Des gens sont indisposés. La PNH s'est révélée plus efficace, parce que mieux imbue de la mentalité haïtienne et sa façon de réagir.

- Le personnel électoral faisait de son mieux, nous le félicitons, mais il manquait l'expérience. Aucun accueil n'était prévu pour les vieillards, les femmes enceintes et les handicapés.
- Le manque d'organisation a causé d'injuries à St Louis du Nord, Aquin, Gonaives ; de découragement et jets de pierres (à Baie Moustique, Port de Paix). Des gardes électoraux se servaient de gaz lacrymogène Aux Cayes, à Grand Bassin, Terrier Rouge et La Plante – Port de Paix. Nous regrettons les victimes mortelles de la journée : selon nos informations, deux (2) personnes dans la capitale, deux (2) personnes à Gros Morne (section Moulin) dans les mêmes circonstances d'embouteillage devant les centres. Deux (2) personnes sont mortes accidentellement à Jacmel.

**En quelques lieux, les élections n'ont pas pu se faire, ou bien elles se sont réalisées dans des conditions déficientes.**

- Les listes des candidats à la députation s'étaient inter changées à Gressier et Grand Goave.
- A Grande Saline (centre de Poteneau), 2 candidats (Mochrena et Fusion) tombent en désaccord avec les partisans de l'Artibonite en Action qui occupent le BV ; des bulletins sont détruits. Il n'y a pas eu d'élection dans ce centre.
- Dans la section Martineau (La Chapelle), les candidats à la députation de l'Artibonite en Action et Fusion se sont bagarrés. Il n'y a pas eu d'élections dans ce centre.
- A Aquin (centre de Morisseau) on a déchiré le registre électoral dans quelques bureaux durant la nuit précédant le scrutin ; mais le scrutin s'est déroulé normalement. Les gens n'ont pas voté dans un bureau de la quatrième section Flaman, à cause de la liste électorale qui ne correspondait pas. Dans la section Bourdon de Chambellan on a détruit un BV.
- A Chansolme, les gens de la deuxième section étaient informés qu'ils voteraient dans le bourg ; le jour avant le scrutin ils sont informés qu'ils doivent se rendre dans la première section qui est plus éloignée ; ceci les décourage. Des faits de ce genre se sont produits également dans d'autres lieux comme à la capitale. Ceci montre clairement comment plusieurs informations importantes ne passaient pas.
- Rien n'a été dit sur la question des analphabètes. Aux Cayes, dans le Centre Philippe Guerrier les membres des BV et mandataires les assistaient. Dans le Nord Est, des mandataires les portent à voter pour leurs candidats. A Port-au-Prince d'autres électeurs les ont assistés.
- Dans le département du Nord, la Minustah a recueilli des urnes de plusieurs BV même avant de faire le comptage et de dresser les procès verbaux.

**Notre peuple a un grand sens de participation ; il veut être pris au sérieux après tant d'année où on lui refusait sa place. En dépit des faiblesses du processus, le peuple a manifesté clairement sa volonté de changement. Est-ce que des points de blocage ne se trouvent pas au niveau de la classe politique elle-même ?**

- On nous a informés que deux (2) candidats à la députation (l'Artibonite en Action et Fusion) se sont venus aux mains à Liancourt (première section de Verrettes). A Grande Saline (section Poteneau) 3 autres candidats à la députation (l'Artibonite en Action, Mochrena et Fusion) ont détruit des bulletins de vote. La même chose s'est produite à Martineau (section de la Chapelle) par des partisans de l'Artibonite en Action et Fusion.
- Des partisans de MIRN et Alliance se sont venus aux mains dans la ville de Bassin Bleu et dans la première section.

- A Bombardopolis, des partisans de MIRN, Alliance, Espoir et Union ont investi les BV dans la soirée et ont détruit le matériel ; ainsi il n'y a pas de résultats pour la ville et pour la 2<sup>ième</sup> et la 3<sup>ième</sup> section ; au cours de la journée un partisan de l'OPL avait tenté de voter plusieurs fois. Dans la première section, les électeurs et la Minustah ont sauvé les bulletins.
- A Bourdon (section de Chambellan), les partisans de Fusion ont détruit un bureau de vote.
- Dans le Plateau Central, les partisans de plusieurs partis ont voulu exercer des pressions sur les électeurs.

**Voici ce que nous proposons:**

**L'organisation électorale doit être sans faille et correcte. C'est la responsabilité de l'Etat, parce que une élection est un acte souverain des citoyens dans un pays, pour choisir ses dirigeants dans la dignité et le respect. L'organisation électorale doit être bien faite ; c'est une expression du respect de la dignité humaine.**

**Une bonne organisation du pays ne s'improvise pas. Elle constitue une exigence du respect de la dignité des citoyens. C'est pourquoi, en vue du deuxième tour nous demandons :**

- **Il faut une bonne évaluation du système des centres de vote avec tant de bureaux de vote. Il faut étudier leur localisation. L'espace doit être convenable, de sorte qu'on puisse se sentir en sécurité physique parce qu'il y a l'espace nécessaire.**
- **Si les listes électorales sont importantes, elles doivent être correctes. Il faut une bonne information sur la façon dont elles ont été composées.**
- **Il faut une bonne information sur la localisation des centres et bureaux de vote ; il faut un accès facile et convenable. Tout ce travail doit se faire depuis avant le jour des élections.**
- **Le CEP doit prendre des mesures contre les candidats qui sont impliqués directement dans des actes de violence, selon les prescrits du décret électoral.**

**Dans une démocratie, les élections constituent le seul moyen acceptable pour prendre pouvoir dans l'Etat. Les élections sont une façon pour permettre aux citoyens, dans la paix et le respect mutuel, de se choisir l'équipe qu'ils souhaitent à la tête du pays pour l'organiser et le diriger. Dans ces élections, les partis politiques ont la grande responsabilité devant l'histoire et devant le peuple haïtien pour accepter les résultats du scrutin, sauf cas de motifs et irrégularités majeures qui demanderaient d'autres considérations. Le jour du scrutin, tous ont pu constater comment des citoyens de différentes tendances politiques se sont unis pour sa réussite. C'est un grand message que le peuple envoie à tous et à tous les secteurs.**

**Pour le Comité Directeur National.**

*(Le texte en créole est original)*

Port-au-Prince, 23 février 2006

M Max Mathurin  
Président du CEP  
Et aux membres du CEP

**SUJET : En vue du deuxième tour du scrutin  
Lettre ouverte**

Messieurs, Madame,

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue. Le premier tour des élections s'est terminé depuis plus de deux semaines, et d'ici trois semaines s'annonce déjà le deuxième tour du scrutin, pour les sénateurs et les députés.

Jusqu'à maintenant, presque toute l'attention et les énergies ont été focalisées sur les présidentielles, importantes, certes, mais qui concernent seulement une fraction des futurs dirigeants. Qui entrera au deuxième tour pour les législatives ? Quand est-ce que la population aura l'occasion de mieux les connaître ainsi que leurs programmes respectifs ?

En vue d'un deuxième tour mieux organisé, laissez-nous répéter les suggestions faites dans notre déclaration après le premier tour et en ajouter d'autres tirées de la crise post-électorale que le pays vient de vivre :

**1. Les centres de vote.**

- a. Les centres doivent être définitivement mieux choisis et localisés. La question des centres en province a été soulevée à maintes reprises. Nous parlons des centres dans la ville de Port-au-Prince. Plusieurs centres sont trop réduits pour recevoir un nombre important de votants. On avait vraiment l'impression qu'il n'avait y pas eu de visites des lieux au préalable. Un exemple : le centre technique de St Gérard (Carrefour Feuilles) ne peut pas recevoir 30 bureaux de vote. L'espace pour circuler à l'intérieur ne convient pas.
- b. Les centres doivent être préparés au préalable. Ce n'est pas le jour du scrutin qu'on commence à retirer les bancs, balayer, installer des tables, etc. Pourquoi le Gouvernement avait-il décrété 2 jours de congé supplémentaire si ce n'était pour préparer les lieux et l'accueil des votants ?

2. **Les Bureaux de vote.** A l'intérieur du centre il y a un nombre de bureaux de vote.
  - a. Parfois le nombre de bureaux dépasse la capacité réelle du centre pour accueillir dignement les électeurs.
  - b. Plusieurs listes électorales ne correspondaient à aucune logique facile à découvrir, capable d'orienter les gens.
  - c. Ailleurs, les listes n'y aient pas.
  - d. Selon les témoignages et nos constats, certains noms d'électeurs ayant une carte de citoyenneté ne se trouvaient sur aucune liste.
  - e. L'espace trop exergue du centre ne facilitait pas la recherche de son bureau de vote.
  - f. Ne faut-il pas un moment pour permettre d'ajuster certaines listes électorales afin de permettre aux électeurs de voter pour leur député lors du deuxième tour ?

**Proposition :** Pour faciliter la participation des électeurs au scrutin, qu'on les permette de voter dans n'importe bureau à l'intérieur du centre où ils sont affectés. L'expérience faite durant les présidentielles pour débloquer le processus a été positive. Très peu de tentatives de fraude ont été observées suite à cette mesure. Il convient tout de même de trouver un système de contrôle plus rigoureux pour décourager ceux qui pourraient être tentés de le faire.

3. **L'opération de vote.**
  - a. Le personnel des bureaux de vote est jeune ; plusieurs d'entr'eux participaient comme responsable de bureau à leur première expérience électorale. Comme observateurs, nous avons admiré leur sérieux et leur dévouement. Mais le manque d'expérience ralentit sérieusement le travail à faire.
  - b. Nous ne comprenons pas pourquoi on avait donné comme instruction aux responsables des bureaux de signer tous les bulletins de vote dès le début des opérations, comme on nous a rapporté. Signer 3 fois 400 formulaires ou apposer 1200 fois sa signature donne un retard considérable au démarrage du processus. En plus, les bulletins de vote signés par le président et secrétaire du BV deviennent dans un sens des « votes blancs » valides quand ils sont introduits dans une urne. Nous n'avons pas été témoins que cela s'est produit. Nous signalons seulement le problème. Il serait plus indiqué que les responsables des bureaux signent le bulletin de vote au moment de le remettre au votant.
4. **Le dépouillement.**
  - a. Même dans la capitale, plusieurs centres de vote étaient complètement dépourvus de courant électrique durant le comptage.
  - b. Avant le scrutin, le Conseil Electoral avait annoncé, dans un esprit de la plus grande transparence, que les résultats de chaque bureau de vote seraient affichés sur l'Internet.

Nous avons cherché en vain cette information pour vérifier si les résultats des bureaux avaient été comptabilisés de façon correcte.

- c. La collecte des BV doit être claire. Au Cap on nous a signalé qu'un nombre de urnes a été emportés avant d'avoir fait le comptage et d'avoir dressé un procès verbal.
- d. Dans la collecte des procès verbaux, pour une raison qui n'a jamais été expliquée, les BEC et BED ont été niés et négligés. Pourtant dans les préparatifs, le CEP avait annoncé que le décompte manuel serait toujours fait par ce canal, comme un sorte de vérification du centre de tabulation national.
- e. Le matériel de vote doit être gardé en lieu sûr jusqu'après la fin de toute l'opération et de toute contestation. La destruction du matériel ne devrait pas se faire de n'importe quelle façon.

## 5. L'impérieuse éducation et information des citoyens

- a. Tout le débat qui a entouré le décompte des présidentielles, la question des pourcentages qui peuvent descendre au cours du décompte, la question des votes blancs et des votes nuls (ensemble plus de 11 %), démontre encore une fois que l'éducation civique et des explications techniques simples sur le système électoral ont été négligées. Le débat fait sur un nombre de points démontre clairement l'importance de cette communication, information et éducation.
- b. La question des votes nuls ou invalides (plus de 7 %) pourrait nous ramener à la question des citoyens analphabètes pour lesquels aucune mesure claire n'avait été décrétée. En plus, si quelque 40 % de l'électorat n'a pas voté, on peut supposer qu'il s'agit en premier lieu de ce groupe de personnes.
- c. Il faut définitivement améliorer la communication du CEP avec la population. Certains silences provoquent des rumeurs. De bonnes explications doivent se faire clairement et dans un langage intelligible pour tous. Mais pour cela il faut aussi un CEP cohérent qui inspire confiance.

Le bon accueil des électeurs, la bonne organisation correcte des joutes électorales, la communication claire, fiable et transparente font partie du respect dû aux citoyens par les instances étatiques. L'expérience que vient de vivre le pays, a démontré une fois de plus qu'on ne peut se dérober trop facile de ses responsabilités. Une bonne organisation ne s'improvise pas et demande le temps nécessaire. C'est pourquoi nous insistons auprès du CEP de prendre en main la préparation du deuxième tour sans tarder, pour éviter des retards et frustrations inutiles.

Acceptez, Messieurs et madame, l'assurance de notre haute considération.

Pour le Comité Directeur National,

Père Jean Hanssens, Directeur

Dokiman 11  
avril 2007

### Nòt pou Laprès

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè reponn prezan pou obsèvasyon dezyèm tou eleksyon lejislatif yo ak plis pase 1100 obsèvatè e plis pase 200 komisyon lokal atravè peyi a.

Komisyon an di li pa konprann fason KEP la sanble mete obsèvatè nasyonal yo ak mandatè pati politik yo nan menm sak. Obsevatè nasyonal yo, se KEP la limenm ki akredite yo ak yon badj pou chak obsèvatè apa ; li pa dwe patizan parapò ak okenn nan kandida yo ki sòti nan diferan pati politik yo ; kantite obsèvatè sa yo deja tou limite. Mandatè pati politik yo menm, se pati politik yo ki voye yo ; yo reprezante yon pati politik pou veye si pa gen magouy k ap fèt ki ta nan dezavantaj pati politik yo reprezante a. Konsa, nou pa konprann tout limit KEP la ap mete pou obsèvatè nasyonal yo kapab genyen aksè nan biwo vòt yo.

Komisyon an mande KEP la ankò yon fwa pou ta genyen plis transparans nan moman yo fè kontaj rezilta vòt yo ki soti nan diferan biwo ak sant yo. Li mande pou yo pibliye rezilta chak biwo vòt apa sou entènèt. Konsa, chak moun ki vle, kapab verifye si sant tabilasyon an enskri rapò BV yo yon fason kòrèk. Posiblite kontwòl sa a pa t la nan premye tou a.

Komisyon an mande pou KEP la peye tout sa l dwe moun ki t ap travay nan biwo vòt yo nan premye tou a pou pèmèt dezyèm tou a kapab fèt nan bon kondisyon. Se sa jistis la mande.

Komisyon ankouraje tout kandida yo ki nan dezyèm tou a pou yo respekte nèt Kòd Etik la pati politik yo te siyen depi anvan premye tou a ; epi pou yo refize tout vyolans nan langaj yo ak nan aksyon yo poze yo. Se pi gwo kontribisyon yo kapab bay pou mete sou pye demokrasi ak yon Leta dedwa nan peyi a.

Komisyon an repete divès pwopozisyon li gen tan fè nan lèt toulouvri li te voye bay KEP la nan dat 14 fevriye 2006. Yon fason espesyal Komisyon an te mande :

- pou yo konsidere ka moun ki pa konn li ak ekri yo pi byen ;
- pou kominikasyon KEP la anndan aparèy elektoral la ni ak popilasyon an tou ta fèt yon fason ki pi klè ;
- pou yo ta fè finalman edikasyon sivik la kòm sa dwa.

Pou Komite Direktè Nasyonal la.  
11 avril 2006

## Note de Presse

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix renouvelle sa détermination pour participer à l'observation de la journée électorale du 21 avril 2006, avec ses 1100 observateurs nationaux et plus de 200 commissions locales à travers le pays.

La Commission exprime son étonnement pour la façon que le CEP semble faire amalgame entre des observateurs électoraux nationaux et les mandataires des partis politiques. Les observateurs nationaux sont accrédités à titre personnel par le CEP lui-même ; ils doivent être par définition non partisan par rapport aux partis politiques et leur nombre est déjà réduit. Les mandataires des partis politiques, par contre, sont nommés simplement par les partis politiques comme leur représentants pour observer la possibilité de fraude contre un parti politique en particulier ; leur accréditation se fait globalement. Nous ne comprenons donc pas les restrictions imposées aux observateurs nationaux dans l'observation des opérations électorales quant à leur accès aux bureaux de vote.

La Commission insiste une nouvelle fois auprès du CEP sur une plus grande transparence dans le comptage des résultats. Elle insiste sur la publication des résultats de chaque bureau de vote sur l'internet. Ainsi, chacun qui veut le faire, peut vérifier que le procès-verbal de son bureau soit correctement enregistré par le centre de tabulation. Cette possibilité de vérification n'y était pas lors du premier tour.

La Commission demande au CEP de payer tous les arriérés dus au personnel des bureaux de vote, pour permettre le bon déroulement du deuxième tour. Ce n'est que justice.

La Commission exhorte tous les candidats en ballottage d'observer scrupuleusement le Code éthique convenu par les partis politiques depuis avant le premier tour et d'écartier toute violence dans leurs propos ou interventions. Ce sera leur plus grande contribution pour l'instauration de la démocratie et de l'Etat de droit dans le pays.

La Commission réitère les différentes propositions qu'elle a déjà formulées pour la tenue du deuxième tour, dans sa lettre ouverte au CEP en date du 14 février 2006. Surtout elle réitère sa demande

- que la réalité des citoyens qui ne savent pas lire et écrire soit mieux pris en compte ;
- que la communication de CEP à l'intérieur de l'appareil électoral et avec l'ensemble de la population soit plus claire ;
- que l'éducation civique soit finalement prise au sérieux.

Pour le Comité Directeur National  
11 avril 2006

Père Jan Hanssens, directeur

Premye evalyasyon jounen vòt 21 avril 2006

Komisyon Jistis ak Lapè salye pèp Ayisyen an ki te patisipe nan dezyèm tou eleksyon 2006 la pou chwazi yon palman (depite ak senatè) k ap fòme Pouvwa lejislatif nan peyi a pou ane k ap vini yo.

Men ki sa k atire atansyon n nan dezyèm tou eleksyon sa a :

1. **Pèp la pa t al vote an mas**, jan l te fè sa jou ki 7 fevriye 2006 la. Anpil pawòl gen tan pale sou sa. Anpil analiz fèt. Selon sa n tande :
  - Plizyè rezon genyen awè ak fason sitwayen ak sitwayèn yo wè Leta a ak enpòtans divès otorite yo.
  - Rezon yo genyen rapò ak movèz eksperyans moun yo te fè nan ane ki sòt pase yo ak diferan palman ki te la yo, e ki pa t regle anpil bagay serye.
  - Gen yon gwo kesyon mank konfyans ki vin enstale parapò ak politisyen e otorite Leta yo.
  - Rezon yo genyen rapò ak yon tranzisyon ki dire twòp e ki fè tout moun fatige ; pati politik yo tou sanble pa gen souf ankò.
  - Rezon yo genyen awè ak pakèt desepsyon KEP la te bay jou ki 7 fevriye 2006 la : toutan yo t ap ranvwaye jou eleksyon an, epi, lè l te fèt, moun yo te blije mache anpil, plis toujou, yo te fè yo tann plizyè èd tan, epi anyen pa t sanble prepare pou akeyi moun yo.
  - Anpil peyizasyon ak ti kòmèsan te blije chwazi ant aktivite yo ki pèmèt yo viv ak yon vòt yo pa konnen ki sa l ap pote pou yo.

Men jou ki 7 fevriye a, popilasyon an te montre li kapab, depi l konnen epi kwè nan sa l ap defann.

2. Jou ki 21 avril 2006 la te diferan. **Wi, KEP la te fè kèk jefò pou prepare jounen an pi byen. Nou fè l konpliman pou sa.** BV yo te louvri alè. Te gen pi bon limyè. Pwosedi pou louvri BV yo te vin pi senp, yo pa t pran pakèt tan pou yo fèt. KEP la te mete plizyè ajan elektoral pou akeyi sitwayen ak sitwayèn yo nan sant vòt yo. Yo te vle bay rejis elektoral la plis enpòtans pou konbat magouy. Tout sa se pwogrè ki fèt pou òganize pi bon eleksyon.

3. Epoutan, **pa t gen gwo chanjman nan sistèm eleksyon an menm.** Si sistèm nan te fonksyone, eske pi gwo rezon an se pa paske moun yo pa t vin vote an mas ?
- **Apa kèk kote, yo pa t revize lis elektoral yo.** Plizyè non te toujou manke ladan l. Se nan dènye moman sèlman moun yo te kapab konsilte yo. Anpil temwayaj vin jwenn nou ki sòti nan tout peyi a e ki tonbe dakò sou pwèn sa a : plizyè moun te vin gade, men yo te dekouraje lè yo pa t jwenn non yo, epi yo te retounen lakay yo.
  - Nan Fondenèg, yo fè n konnen, anviwon 400 moun te toujou sou yon lòt lis, paske kat yo te fèt sou Ti Twou de Nip.
  - **Sistèm ijans pou ede sitwayen yo pa t fonksyone.** Lavèy eleksyon, KEP la te bay 5 nimewo telefòn pou ede moun yo nan ka ijans. Bò 9 :30 nan maten, youn nan nimewo sa yo pa t ko fonksyone. Sa sete pou kapital la. E moun nan pwovens ?
  - Nan yon sant vòt, lè yo fè KEP la konnen difikilte ki te genyen ak lis elektoral sa yo, yo reponn yo : « Pa okipe yo ».
  - Sekrè vòt la pa t garanti pi plis pase nan eleksyon anvan an.

Chak moun ki pa t ka vote poutèt move oganizasyon eleksyon an, se yon vyolasyon dwa politik sitwayen sila a.

Laprès deja pale sou pi gwo iregilarite ki te genyen, epi obsèvatè ak temwayaj yo konfime yo. Konsa, te gen pwoblèm nan Site Solèy - Bildin 2004, Gran Salin kote yon moun mouri, nan Liyankou (Verèt) ak sant Savanèt (Sant).

4. Nou poze tèt nou **kesyon sou mega sant yo.** Yon sant vòt mande bon òganizasyon, yon bèl espas ak yon bon jesyon.
- De (2) ou twa (3) BV nan yon sèl ti sal klas pa bay espas nesèsè pou fè yon bon travay.
  - Wit mil (8000) non moun (se sa 20 BV bay) ki afiche youn dèyè lòt sou yon bout mi pa pèmèt moun yo verifye fasilman nan ki BV pou y ale. Si lis yo pa t chanje depi 7 fevriye, pou ki sa yo t ap tann 2 jou anvan vòt 21 avril la pou yo afiche yo ?

Yon mega sant egzije plis moun pou ede sitwayen yo jwenn direksyon ; pa dwe gen fay nan lis elektoral yo ; jeran sant yo dwe gen kapasite pou kominike fasil ak otorite yo si yo pa gen dwa pran kèk desizyon yo menm.

Mega sant yo fè reyalyte elektoral la vin pi lwen senp sitwayen an. Dwe gen pi bon motivasyon ak pi bon akèy. Si enpòtans eleksyon an pa vin pi klè, epi si gen kèk move eksperyans, li kab dekouraje moun pi fasil.

5. Plizyè kote genyen zak magouy ki t ap fèt ; kèk moun eseye vote plizyè fwa. An jeneral reskonsab yo fè sa yo te dwe fè. Sa boulvèsè n anpil lè n tandè genyen **kandida menm ki mele nan magouy**, nan zak vyolans ak mank tolerans. Men kèk egzanp yo te fè n konnen :

- Nan Depatman Nò, Akil di Nò - Labriyè : yon kandida òganize yon atak kont yon lòt kandida ki t ap mennen moun nan machin pou al vote.
- Nan depatman Sid : Aken - Ti Koma : yon kandida antre nan divès BV pou fè dezòd.
- Nan Gonayiv, te gen gwo rafal zam nan nwit anvan eleksyon an ; epi yon machann mouri ak bal nan maten an.
- Nan Liyankou (Verèt) ak plizyè lòt kote, patizan Latibonit Annaksyon t ap fè gwo presyon sou votan yo.
- Nan Pòtapiman (sant Giyòm), sipèvizè sant la te blije kanpe vòt la poutèt magouy manm BV yo. Patizan kandida OPL la bat li ak kwòs fizi ak baton. Yon kandida majistra te ansanm ak yo. Sipèvizè sa a blije mawon apre ensidan an.
- Plizyè kote patizan kandida yo te vle plen bwat yo (egzanp : Moron, Grand Ans). Kèk kote yo fè presyon sou votan yo (tankou Jakmèl nan ekòl nasyonal Kalimèt) ; kèk kote yo te gen zam (tankou Okay - Tòbèk).
- Savanèt nan Plato Santral, lese frape ant kandida Konba ak OPL fè yo anile eleksyon an.

Nou andwa mande : ki reskonsablite pati politik yo ak kandida yo anvè manm yo ak kandida yo ? Ki enpòtans yo bay pwòp angajman yo te pran yo pou fè eleksyon kòrèk ? Ki sa kandida sa yo ap defann si yo ta rive genyen eleksyon an ?

6. **Fòmasyon moun ak motivasyon moun sou wòl enstitisyon demokratik nan peyi a toujou manke.** Okenn enstans pa t fè jefò pou ede popilasyon an konprann pi byen enpòtans eleksyon 21 avril 2006 yo. Nan sans sa a, nou regrèt okazyon sa a ki pèdi pou pèmèt demokrasi pran plis rasin nan kilti politik peyi a. An menm tan, nou tande pakèt lajan ki depanse pou fòmasyon ak edikasyon sivik te kapab fèt.
7. **Kèk konklizyon ak rekòmandasyon :**
  - a. Menm si gen pwogrè ki te fèt nan jan eleksyon an te prepare, nou pa t wè chanjman ki touche nannan òganizasyon an, ki se lis elektoral yo pou chak BV.
  - b. Nou regrèt yon chans ki pèdi pou fè popilasyon an patisipe pi plis pou konstwi enstitisyon demokratik nan peyi a.
  - c. Megasant yo pa efikas ditou, yo pa pèmèt pi gwo patisipasyon popilasyon an. KEP la dwe fikse konbyen BV ki kapab genyen anndan yon sèl sant.
  - d. Lè n wè difikilte reyèl moun ki pa konn li ak ekri yo genyen pou kab patisipe nan eleksyon, nou mande KEP la ankò yon fwa pou l konsidere ka yo anvan nou antre nan eleksyon pou kolektivite teritoryal yo.
  - e. KEP dwe pran sanksyon kont tout kandida sa yo ki mele yon fason dirèk nan magouy, dezòd ak presyon.

Pou Komite Direktè Nasyonal la.

## Première évaluation de la journée de vote du 21 avril 2006

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue le peuple Haïtien et en particulier tous ceux et celles qui ont participé au scrutin du 21 avril 2006 afin d'élire un parlement (députés et sénateurs) qui formeront le Pouvoir exécutif pendant les années à venir.

Voici ce qui attire notre attention lors de ce deuxième tour des législatives :

1. **Le peuple n'est pas allé en masse aux urnes**, comme cela s'était fait le 7 février 2006. Beaucoup de commentaires ont été faits pour expliquer le pourquoi.
  - Les raisons ont certes à voir avec la façon que les citoyens et citoyennes perçoivent l'Etat et ses représentants.
  - D'autres raisons ont à voir avec la mauvaise expérience vécue avec les législatures précédentes qui finalement n'ont pas réalisées grande chose.
  - Certaines paroles font état d'une transition qui continue à perdurer ; tout le monde en est bien fatigué et les parties politiques sont sans souffle.
  - Le CEP aussi est cause de déceptions par le renvoi répété des dates, la mauvaise organisation et les longues heures d'attente du 7 février, quand rien ne semblait être préparé pour accueillir les votants.
  - Les paysans et les marchandes ont été obligés de choisir entre leur activité et un vote incertain.

Mais le 7 février 2006, la population a démontré sa capacité de réaliser ce qu'il considère comme important.

2. Le 21 avril était différent. **Oui, le CEP a déployé des efforts pour une meilleure réalisation du scrutin. Nous le présentons nos compliments.** Les activités ont débuté à temps ; les infrastructures étaient meilleures ; les procédures pour commencer la journée étaient simplifiées. On avait prévu du personnel pour accueillir les votants dans les centres. Le registre électoral a pris plus d'importance pour contrer la fraude. Tout cela sont des pas importants pour un meilleur déroulement du scrutin.
3. Mais **nous n'avons pas remarqué de gros changements dans le système électoral même.** Si la machine a mieux fonctionné le 21 avril, est-ce que la plus grande raison ne serait pas la faible participation des électeurs ?
  - **Les listes électorales n'ont pas été révisées et corrigées.** Des noms manquaient. Les listes ont été affichées seulement les derniers jours. Des témoignages concordants nous sont parvenus d'à travers le pays : plusieurs votants se sentaient découragés quand ils ne trouvaient leurs noms et se sont abstenus de voter.
  - A Fonds des Nègres, on nous signale que près de 400 personnes se trouvaient toujours sur d'autres listes, parce que leurs cartes étaient enregistrées à Trou de Nippes.
  - **Le système pour assister les citoyens et citoyennes n'a pas fonctionné.** La veille des élections, le CEP a communiqué 5 numéros de téléphones pour signaler les urgences. Vers 9 :30 du matin, aucun de ces numéros n'était en service. Cela concernait la capitale. Et les provinces ?

- Dans un centre de vote, quand un responsable signalait au CEP les difficultés rencontrées avec les listes du registre électoral, on faisait savoir : « Ne vous en souciez pas ».
- La garantie du secret de vote n'avait pas fait de progrès.

Chaque citoyen qui est dans l'impossibilité de voter à cause de la mauvaise organisation du scrutin est victime d'une violation de ces droits politiques.

La presse a déjà signalé un nombre des irrégularités graves, confirmées par nos observateurs et des témoignages. Citons comme exemples : Cite Soleil, building 2004 ; Grande Saline ou il y a eu une victime mortelle ; et Liancourt (Verrettes).

4. Nous soulevons **la question des méga centres**. Un centre de vote demande une bonne organisation, une espace suffisante et une bonne gestion.
  - Quand il faut installer 2 ou 3 bureaux de vote dans une petite salle de classe, alors on manque de l'espace pour un bon déroulement du scrutin.
  - 8.000 noms pour un ensemble de 20 bureaux, affichés l'un après l'autre sur un bout de mur ne permet pas aux citoyens et citoyennes de vérifier facilement leurs bureaux de vote. Si les listes n'avaient pas été corrigées après le 7 février, on se demande : pourquoi attendre jusqu'à 2 jours avant le nouveau scrutin pour les afficher ?

Un méga centre exige plus de personnel pour sa bonne gestion et pour assister les votants ; il ne faut pas d'erreur dans les listes électorales ; les gérants ou responsables doivent disposer d'un moyen de communication adéquat pour communiquer avec leurs autorités hiérarchiques, s'il ne sont pas en mesure de prendre certaines décisions.

Le méga centre éloigne le bureau de vote du votant ordinaire. Il faut davantage de motivation et un bon accueil. Si l'enjeu des élections manque clarté, s'il y a de mauvaises expériences, il encourage l'abstention.

5. En plusieurs endroits il y a des tentatives ou des actes de fraude ; des gens ont essayé de voter plusieurs fois. Nous nous sentons **troublés par les témoignages qui font état des candidats aux postes électifs qui s'impliquent dans des actes de fraude**, dans la violence et l'intolérance. Voici quelques exemples :
  - Dans le Nord à Acul du Nord – centre de Labrière, un candidat a organisé une attaque contre son rival qui transportait des votants.
  - Dans le Sud à Aquin, un candidat est entré dans plusieurs bureaux pour intimider les gens.
  - A Gonaives, des rafales d'armes ont été entendues la nuit avant les élections pour intimider les gens ; une marchande est morte par balles.
  - A Liancourt (Verrettes) et dans d'autres endroits, l'Artibonite en Action exerçait des pressions sur les votants.
  - A Port à Piment (centre Guillaume), le superviseur a arrêté les opérations quand il constatait qu'il y avait fraude de la part des membres des BV. Des partisans de l'OPL l'ont tabassé avec coups de crosse de fusil et bâton. Dès lors il s'est vu obligé de prendre le maquis.

- En plusieurs endroits des partisans des candidats ont tenté de bourrer des urnes (exemple : Moron, Grand Anse). En certains endroits, ils ont fait des menaces sur les votants (comme dans le Sud Est, école nationale de Calumet), quelques fois avec des armes (comme dans le Sud à Torbeck).
- A Savanette (département Centre), les interventions des partisans de Kombat et OPL ont fait annuler les élections.

On est en droit de se demander : Quel est la responsabilité des partis politiques et des candidats envers leurs membres, partisans et candidats ? Quelle importance donnent-ils à leurs propres engagements envers le processus électoral ? Qu'est ce qu'on peut espérer de ces candidats s'ils arriveraient à gagner les élections ?

6. **La formation et la motivation citoyenne sur le rôle des institutions démocratiques ont manquée.** Aucune instance ne s'est donnée la peine pour motiver sur l'importance des élections du 21 avril 2006. Dans ce sens, nous regrettons cette occasion manquée pour faire avancer les valeurs démocratiques dans la culture politique du pays. En même temps, le bruit court sur les montants importants dépensés pour l'éducation civique dans le pays ...

7. **Conclusions et recommandations :**

- Même s'il y a un certain progrès à observer dans la préparation technique des élections, le nœud de la question, les listes électorales, n'a pas été touché.**
- Nous regrettons cette occasion manquée pour permettre à la population de participer davantage à la construction des institutions démocratiques du pays.**
- Les méga centres ne prouvent pas leur efficacité. Ils ne permettent pas une plus grande participation populaire. Le CEP devrait fixer un maximum de BV qu'un centre de vote peut héberger.**
- Quand nous considérons les difficultés réelles des analphabètes pour participer au scrutin, nous réitérons notre demande au CEP de se pencher sur leur cas avant d'entrer dans les élections au niveau des collectivités territoriales.**
- Le CEP doit prendre des sanctions contre les candidats qui se mêlent directement dans des actes de fraude, de brigandage et d'intolérance.**

Pour le Comité Directeur National,

Père Jean Hanssens, Directeur

***Eleksyon 7 fevriye 2006:  
Yon leson ak yon defi  
pou konstriksyon demokrasi nan peyi a***

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon  
Jilap Nasyonal*

*Pòtoprens, me 2006*

***De ti mo pou kòmanse***

*7 fevriye 2006 reprezante yon evènman okenn moun pa t ap tann. Apre 2 lane vyolans ak konfizyon, dekourajman te pase men pran anpil sektè nan peyi a. Mizè ak lavichè ki pa t sispann vale teren, te lakòz sektè popilè vin pi fèb. Òganizasyon yo prèske pa t pran pozisyon sou sa k ap pase. Pa t genyen non plis gwo mobilizasyon popilè konsekan tout bon. Peyizan ak ouvriye te plis ap deplòtonnen estrateji pou reziste, pou yo pa mouri. Nan anpil katye popilè nan Pòtoprens (Bèlè, Site Solèy, Gran Ravin), popilasyon an pa t konnen ki sen pou yo rele. Bandi ak zam pa t sispann simaye dèy, laterè, piye ak vyole.*

*Enstitisyon ki te gen chay pou fè eleksyon yo pral vin mete absè sou klou. Yo fè chire pit san gade dèyè. Yo òganize aparèy ak operasyon elektoral la yon jan pou mete mas pèp la sou kote. Nou pa t menm ka konte konbyen fwa yo ranvwaye dat eleksyon.*

*7 fevriye 2006, pèp la fè tout moun sezi. Moun yo pran lari an mas pou ale vote malgre kondisyon difisil ki te genyen. Tout sektè nan peyi a ak lòt bò dlo dakò : evènman sila a se te yon leson ak yon defi nan kad batay pou demokrasi nan peyi a. Men, kijan pou n konprann koze sila a ? Epi sitou, kisa ki dwe fèt jounen jodi a pou evènman sila a pa tounen yon lòt fwa yon ti wòch pèp la voye nan lanmè.*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR) ap pataje avè nou ti lide pa li. Kòmantè pa w ap itil pou ede deba demokratik la vanse.*

***Bon lekti !***

## I.- Pou kisa eleksyon 7 fevriye yo se yon leson ?

Pou byen reponn kesyon sila a, nou dwe fè sonje nan ki kondisyon eleksyon sa yo t ap dewoule, pozisyon aktè sosyal ak politik yo, ak prezans pèp la li menm.

### *Eleksyon an fèt nan kondisyon latwoublay.*

29 fevriye 2004, Prezidan Jan Bètran Aristid kouri kite pouvwa a anba gwo presyon plizyè gwo peyi tankou Etazini, Lafrans ak Kanada. Se vre, te gen gwo mobilizasyon sosyal kont pouvwa Lavalas la. Men nou pa ka di, menm si mouvman an t ap pran plis fòs chak jou ki pase, nou pa ka di se mouvman an pou kont li ki pote Aristid ale. Aksyon gwo pwisans nou pale anvan yo te vin genyen yon enfliyans desizif.

Nou kapab di, kesyon sila a pa janm rive klè jòk jounen jodi a. Ansyen Prezidan Aristid deklare yo kidnape l. Men gwo pwisans yo fè konnen Prezidan an te bay demisyon l, epi te mande èd pou l rive chape poul, dekwa pou sove lavi l. Li difisil pou konnen kote verite a nan tout koze sa yo. Men sitiyasyon sila a lakòz gwo polemik ak simaye plis konfizyon onivo politik. Sektè Lavalas pase anpil tan ap denonse sa yo rele « kidnapi » 29 fevriye 2004 la, e yo menm te eseye fè tout sa yo konnen pou bloke reyalizasyon eleksyon nan peyi a. N ap fè sonje malgre tout monte desann ak pale anpil, sektè sila a te derefize voye yon reprezantan nan Konsèy Elektoral Pwovizwa a.

Yon lòt makfabrik sitiyasyon latwoublay la konsènen rebèl ame yo. Pandan tout peryòd gouvènman tranzisyon an, limyè pa janm fèt sou ki sektè ki te apiye fòs sila a ak ki kote zam yo te sòti. Pou kisa Gouvènman Dominiken te fèmen je l sou mannigans sektè sila a sou fwontyè 2 peyi yo ? Ki kote rebèl sila yo ak tout zam yo te gen nan men yo pase ?

Nou kwè posibilite pou konstwi demokrasi nan peyi a makonnen avèk fason sosyete nou an pral kontinye fonksyone. Li nesèsè pou nou koupe fache avèk kase fèy kouvri sa. Nou dwe sispann dòmi bliye. Tout sektè ta dwe ap fè jefò pou gen yon minimòm transparans sosyal ak politik ki tabli nan peyi a.

Sitiyasyon latwoublay pral vin pi rès anko avèk prezans fòs militè etranje yo, misyon Nasyon Zini an, sou teritwa peyi a. Pou anpil Ayisyen, se yon fòs okipasyon. Bò kote pa l, Nasyon Zini deklare se ede li vin ede peyi a pou l sispann dodine, li vin ede kaba boulvès politik. Men kisa nou konstate ? Misyon Nasyon Zini an (MINUSTAH) pran pratikman plas enstitisyon ak otorite nan peyi a. Nan eleksyon yo, sa parèt akèlè nètalkole. Yo gen kontwòl tout operasyon sòti nan enskripsyon elektè yo rive nan dewoulman jou vòt la menm. Eleksyon yo vin koute tou anpil lajan, plis pase 60 milyon dola. Nan tan anvan yo, se anviwon 4 milyon dola ki te konn fè eleksyon. Konsa, nou ka konprann tèt chaje ki genyen. Si Ayiti vle retounen yon peyi ganmoun, ki kote li pral jwenn kantite lajan sila a pou kontinye fè eleksyon? Pa gen anpil sektè ki poze kesyon sa a yon fason serye epi ki pwopoze yon repons konsekan.

Latwoublay te blayi pi rèd lè nou t ap gade pratik ak pozisyon lidè, pati politik yo. Se plis enterè ak anbasyon pou pouvwa ki t ap klewonnen. Yo te yon blòk pou goumen kont pouvwa Lavalas ak Aristid. Pouvwa sila a annik tonbe, se lagè ki deklare pou pouvwa. Sitiyasyon an te vin pa fasil pou mas pèp la. Pi fò nan moun nan peyi a pa konn li ak ekri, sektè politik yo pa t fè okenn jefò pou fasilite patisipasyon yo. Lè sa a nou sètoblije poze kesyon sou sa ki pozisyon reyèl yon seri aktè sosyal ak politik.

### ***Pozisyon aktè sosyal yo pa fasil pou konprann***

Tout kalte enstitisyon, òganizasyon anvan jounen eleksyon 7 fevriye 2006 yo t ap pale pou pèp la, nan non pèp la, oubyen te deklare y ap travay nan enterè pèp la. Men eleksyon yo pral montre dizon pèp la te absan nan tout pale anpil ki t ap fèt yo. Pèp la te sito yon chwal ki gen bon do tout sektè t ap chèche pase pye sou li.

Premye sektè ki fè bèk atè, se kowalisyon tout pati politik ki te goumen pou mete atè rejim Lavalas la. Rezilta eleksyon yo montre gwo feblès yo genyen. Kesyon an se : eske y ap ranmase kouraj yo pou konprann lesan sila a ? Li ta bon pou chak pati oubyen kowalisyon ki t ap klewonnen fòs yo fè bilan oubyen otokritik yo. Men nou poko wè siy ki montre sa pral fèt.

Dezyèm sektè ki pèdi lafos onivo politik, se Fanmi Lavalas. Pati sila a montre li pa gen gwo reprezantativite onivo Nasyonal. Malgre tout gwo diskou, li rive nan dèyè kamyonèt la pou plas prezidan epi li pa fè gwo rezilta pou Palman an. Se vre, gen manèv k ap fèt pou rekipere viktwa elektoral kandida Lespwa a, René Préval. Men li parèt aklè jounen jodi a pa t gen okenn antant politik ant 2 sektè sila yo. Konsta sila a tèlman vre, se beton kèk gwoup ap chofo pou fè presyon sou Prezidan Lespwa a pou lidè Fanmi Lavalas la ka retounen. Epiyou, plizyè mwa apre eleksyon yo, Platfòm Lespwa a pa janm pran piblikman yon angajman politik ansanm avèk Fanmi Lavalas. Men kesyon ki rete pandye se : eske sektè Fanmi Lavalas la rive konprann nesosite pou mete sou kote blòf nan lit politik la ? Eske yo pral evalye sa ki fòs reyèl ak baz reprezantasyon yo onivo nasyonal ? Pokò gen siy ki montre sektè sa a pral koupe fache avèk yon seri move pratik.

Twazyèm sektè pou nou konsidere, se enstitisyon, òganizasyon sosyal yo. Yo pa t rive akonpaye kòm sadwa nan pwosesis eleksyon yo. Se vre, gen enstitisyon tankou JILAP ki te reyalize yon bon travay obsèvasyon ak vijilans. Men, sistèm eleksyon yo te konplike anpil. Oganizasyon sosyal yo te manke mobilize pou Konsèy Elektoral Pwovizwa respekte dwa minimòm chak sitwayen genyen pou bay dizon l nan chwa moun ki pou dirije l. Anpil enstitisyon ak òganizasyon te plis rete ap gade. Gen lòt menm, se jwèt sèten sektè politik yo t ap fè. Nou ka konprann lè sa a pou kisa fòm prezans pèp la nan eleksyon 7 fevriye 2006 yo vin fè prèske tout obsèvatè ayisyen ak etranje sezi.

### ***Prezans pèp la montre Ayiti pa fin mouri***

Nou kwè se pi gwo leson eleksyon 7 fevriye yo charye. Fòm prezans pèp la nan eleksyon sila yo montre menm lè yo pa ba li chans pale, popilasyon an pare pou l vanse sou chimen demokrasi. Pèsonn pa t ka evalye nivo patisipasyon l, li sòti an mas pou vote. Konsèy Elektoral la ak MINUSTAH òganize yon gwo dezòd onivo operasyon vòt yo jou eleksyon yo. Popilasyon an pran pasyans, òganize pwòp sistèm disiplin ak sekirite pa l, epi transfòm avèk disisplin yon sitiyasyon tèt anba.

Konsèy Elektoral la ak MINUSTAH pa t deside ranmase sa ki reyalyte jewografik ka demografik peyi a. Sant vòt te chita nan anpil ka a 15 pou rive 20 kilomèt elektè yo. Men moun yo fè sakrifis dòmi nan wout, mache anpil, fè yon jounen grangou ak swaf pou yo ka vote. Men eske gwo sakrifis sa yo ka rete san rekonpans? Pèp la mande pou elit peyi a, kominote entènasyonal konsidere l yon lòt jan. Eske gen konsyans pou gen jefò ki fèt nan sans sa a? Nou pokò wè siy repons pou kesyon sila a. Men tout sektè ta dwe konprann eleksyon 7 fevriye 2006 charye yon gwo defi.

## II- Ki defi eleksyon 7 fevriye 2006 charye pou konstriksyon demokrasi nan peyi a.

Premye gwo defi a, nou kwè se *defi entegrasyon an*. Sistèm "eksklizyon" (mete sektè nan popilasyon an sou kote) an rive nan bout li. Popilasyon an te konn abitye revandike patisipasyon l nan batay politik peyi a. Jounen jodi a, li deside enpoze menm prezans sila a. Tout sektè ta dwe konprann balans politik peyi a pa p ka kontinye panche yon sèl bò jan sa ye depi 200 lane. Fòk elit peyi a konprann sistèm dominasyon chen anraje onivo ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl la rive nan bout li. Nou dwe chèche nouvo baz pou peyi a. Pou sa rive fèt, pèp la gen dizon pa l. Tout sektè ta dwe konprann nesosite sila a anvan l twò ta.

Dezyèm gwo defi a konsènen *kriz reprezantasyon nan peyi a*. Pati politik, òganizasyon sosyal ak enstitisyon ki abitye pale nan non pèp la fèb anpil. Sektè sa yo pa ka kontinye pratike awogans y ap fè depi aniwon 20 lane nan peyi a. Chak sektè dwe chèche konstwi plis kapasite ouvèti pou tande youn lòt. Men sitou, chak sektè dwe deplòtonnen plis jefò pou ale rankontre pèp la epi ba li tout bon okazyon pou l pale, manifeste volonte l. Nou kwè tou gen nesosite pou gen nouvo espas kolektif altènatif ki konstwi nan tout nivo : politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl.

Twazyèm gwo defi a se ki *travay ki dwe fèt ak responsablite k ap pran pou avni peyi a retounen chita nan pla men Ayisyen*. Se vre, nou ka toujou jwenn oubyen konte sou solidarite lòt pèp. Men eleksyon 7 fevriye 2006 la bay yon siyal. Lè gen yon volonte sosyal ak kolektif klè, nou ka fè yon ti pa sou wout chanjman an. Eleksyon yo konfime tou yon verite nou konnen deja. Se pèp yon peyi ki ka chanje reyalyte peyi sila a. Paske malgre gwo mwayen zam ak lajan fòs etranje yo, se finalman pèp ayisyen ki sove eleksyon 7 fevriye 2006 yo.

Katriyèm gwo defi a konsènen *repons pèp la ap tann pou aspirasyon ekonomik ak sosyal yo*. Popilasyon an pa sispann fè sakrifis depi 200 lane, men sitiyaasyon l pa janm vin miyò. Mòd reyalyite sila a pa ka kontinye. Se vre, fòk nou pa reve je klè. Men nouvo gouvènman Lespwa a ta dwe travay pou pote yon amelyorasyon minimòm nan kondisyon lavi popilasyon an. Tout sektè ta dwe oryante travay yo nan sans yon objektif konsa. Sa pa vle di pou tout moun vin patizan pouvwa a. Men fòk lit sosyal ak politik yo vin gen plis nannan, plis richès. Fò k enterè peyi a jwenn premye plas nan tout pratik k ap fèt. Nou dwe batay, fè presyon pou Gouvènman Préval la pa vin fouye pi fon toujou twou peyi a twouve l deja.

Dènye gwo defi a, se kouman yon peyi tankou Ayiti pral ranmase Listwa l, pase l pou nou fè laverite sou li, epi tire konsekans k ap sèvi baz pou n rive konstwi lavi nou jounen jodi a ak prepare demen. Travay sila a pa fasil ditou. Men, se yon chimen nou pa ka evite. Se pa Gouvènman nonplis ki ka motè travay sila a. Se divès sektè sosyal ki pou pran inisyativ nan sans sa a pou nou rive garanti tout bon kondisyon pou viv ansanm sou bout tè sa a.

Pou nou fini ti moso refleksyon sa a, GRR (Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP) kwè sa ki pase nan eleksyon 7 fevriye 2006 kapab louvri wout yon pwosesis politik ak sosyal enteresan. Men, nou gen gwo kè sote, paske nou pa kwè tout sektè rive konprann oubyen ap chèche konprann sans fondalnatal sa ki te pase nan eleksyon yo. Kè sote nou vin pi fò ankò devan danje pou pèp la fristre yon lòt fwa ankò apre gwo sakrifis li fè. Gwoup la pa gen kapasite pou mezire konsekans sa ka genyen, men sèl sa nou konnen, sitiyaasyon an ka vin grav anpil.

## *Les Elections du 7 février 2006 : une leçon et un défi pour la construction démocratique du pays*

*Groupe de Recherche et de Reflexion  
Justice et Paix National  
Port-au-Prince, mai 2006*

### *Editorial*

*Personne n'avait prévu les événements qui se sont déroulés le 7 février 2006. Après 2 ans de violence et de confusion, le découragement voulait s'emparer de plusieurs secteurs dans le pays. L'aggravation de la misère et la cherté de la vie avaient affaibli les secteurs populaires. Les organisations sociales ne prenaient presque plus des positions publiques sur ce qui se passe dans le pays. Il n'y avait d'ailleurs plus de mobilisations populaires conséquentes majeures. Les paysans et les ouvriers se cantonnaient plutôt dans des stratégies de survie pour ne pas disparaître. Dans de nombreux quartiers de Port-au-Prince (comme Bel Air, Cité Soleil, Grande*

*Ravine), la population ne savait plus à quel saint se vouer, tellement les bandits armés semaient le deuil et pratiquaient la terreur, le pillage et le viol.*

*Les institutions chargées d'organiser les élections ne faisaient qu'accroître la situation de confusion. Les querelles ou divisions internes paraissent interminables. Le système électoral est organisé de manière à maintenir l'exclusion des masses populaires. On ne peut même plus compter combien de fois les autorités électorales ont renvoyé la date des élections.*

*Le 7 février 2006, la population suscite l'étonnement général de tous. Elle gagne la rue en masse pour se rendre aux urnes, en dépit des conditions économiques difficiles et d'insécurité réelle. Tous les secteurs nationaux et étrangers sont unanimes : cet événement constitue une leçon et un défi dans le contexte de la lutte démocratique. Mais, comment comprendre cet événement ? Et surtout : quoi faire pour que cet événement ne devienne pas, une nouvelle fois, une roche qu'on jette dans la mer ?*

*Le Groupe de Recherche et de Réflexion (GRR) de la Commission Justice et Paix partage avec vous sa façon de comprendre les choses. Vos commentaires sont importants pour faire avancer le débat démocratique.*

*Bonne lecture !*

## **I.- Pourquoi les élections du 7 février constituent-elles une leçon ?**

Pour répondre à cette question correctement, il faut bien se rappeler dans quelles conditions les élections se sont déroulées, la position des différents acteurs sociaux et politiques, et la place réservée au peuple même dans le processus.

### ***Des élections dans un contexte de grande confusion***

Le 29 février 2004, le Président Jean Bertrand Aristide quitte le pays suite aux pressions exercées par des pays puissants comme les Etats Unis, la France et le Canada. Certes, il y avait également une mobilisation importante contre le pouvoir *Lavalas*; mais il est difficile de soutenir que, même si ce mouvement deviendrait plus important, il serait, lui seul, capable de faire partir Aristide. ***L'action des grandes puissances*** que nous venons d'évoquer a eu une influence décisive.

Il faut dire, jusqu'à présent, cette question du départ n'a pas encore été clarifiée. L'ancien Président Aristide prétend qu'il a été kidnappé. Les grandes puissances font valoir que le Président a démissionné, et qu'il a ensuite demandé de l'aide pour partir, afin de sauver sa vie. Il est difficile de connaître la vérité dans tout cela. Mais, cette situation est motif d'une grande polémique, qui sème davantage de confusion au niveau politique. Pour sa part, le secteur *Lavalas* déploie de grands efforts pour dénoncer ce qu'il appelle le kidnapping du 29 février 2004 ; il a fait l'impossible pour bloquer la tenue des élections dans le pays. Il faut se rappeler que, en dépit de tous les efforts et négociations, ce secteur a toujours refusé de déléguer un représentant dans le Conseil Electoral Provisoire.

